

**DEPATMAN AGRIKILT, RESOUS NATIREL  
AK DEVLOPMAN RIRAL**




**INSTITI INTEAMERIKIN SYANS AGRIKÒL  
(iika)**

**RAPO SEYANS EVALYASYON SOU APLIKASYON  
METÒD INVESTIGASYON-AKSYON NAN ILO DEVLOPMAN YO  
dezam, 19-23 jin 1979**

**SEKRETARIA TEKNIK ILO DEVLOPMAN**

**Pòtoprins, Haiti**



X

DEPATMAN AGRİKILTİ, RESOUS NATIREL AK DEVLOPMAN RIRAL  
(DARNDR)

INSTITI INTEAMERIKIN SYANS AGRİKOL  
(IIKA)

RAPO SEYANS EVALYASYON SOU APLIKASYON  
METOD INVESTIGASYON AKSYON NAN ILO DEVLOPMAN YO

Dezam, 19 - 23 jin 1979

SEKRETARYA TEKNIK ILO DEVLOPMAN  
(STID)

Pòtoprins, Haiti. Jin 1980

00005620

**DETAY SOU JAN ATELYE YA TE OGANIZE**  
**E JAN LI TE DERoule NAN ILO DEZAM**

**Dokiman an Divize an 4 Gran Pati ou Etap**

THE UNIVERSITY OF CHICAGO  
DIVISION OF THE PHYSICAL SCIENCES  
DEPARTMENT OF CHEMISTRY

PHYSICAL CHEMISTRY

MEMWAMemwa sou Atelye Travay sou Evalyasyon Aplikasyon Metòd Apròch "Investigasyon-Aksyon" pou Teknisyèn nan Ilo Devlopman ak Kèk Lòt Teknisyèn  
Ki pa nan Ilo

Memwa sa a propoze reprodwè tout travay ki te fèt nan Atelye "Otojesyon" ki te fèt sou Metòd Investigasyon-Aksyon nan Ilo Dezam, tou pre komin Vèrèt nan Dat 18 a 23 Jin 1979.

Program Atelye ya te fèt an franse pa yon Instriktè etranje. Min règ jwèt Atelye Travay la te mande pou tout dokiman sòti an kreyòl. Donk, piblikasyon Dokiman an fèt an kreyòl pou pèmèt yon meyè komunikasyon ak konpreyansyon la kay majorite pèp prodiktè yo, ka pral li li.

1. Introduction

2. Methodology

3. Results and Discussion

4. Conclusion

5. References

6. Appendix

7. Acknowledgements



TAB MATYE YO

	Page
Menwa	11
Tab Matyè Yo	111
<u>Premye Etap : Oganizasyon Atelye Ya</u>	1
Lèt Invitasyon Patisipan Yo	2
Program Atelye Ya	3
Lis Patisipan	5
Prezantasyon Patisipan Yo ak Fòmasyon Komite Yo	7
Ròl Komite Yo	9
Rapò Reinyon Komite Yo	12
Orè Kou Yo	16
Oryantasyon Instriktè J. Bosco Pinto sou Evalyasyon ak kritik	22
Rezilta Aplikasyon Metodoloji Ya pa Ilo	26
<u>Dezyèm Etap : Rezilta ak Analiz</u>	32
<u>No. 1</u> Oryantasyon Pinto - STID sou Analiz Aplikasyon Metodoloji ya nan Ilo Devlopman Yo	33
A. Objektif	33
B. Rezilta prezante pa Ilo Zoranje	35
C. Analiz Aplikasyon Metòd la nan Ilo Dezam	40
D. Ilo Devlopman Kwa-Fè	43
E. Analiz Aplikasyon Metòd la nan Ilo Kwa-Fè	43
Moman I	43
Moman II	43
Moman III	44
F. Analiz sou Aplikasyon Metòd Investigasyon-Aksyon nan Ilo Devlopman Bonyèt	45
<u>No. 2</u> Travay an Group sou Aplikasyon MIA	47
Ilo Devlopman Zoranje	47
Ilo Devlopman Bonyèt	50
Ilo Devlopman Kwa-Fè	51

Section 101

Page 101

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

Section 101 (continued)

	Page
Plato Santral	52
Ilo Dezam	53
Plato Santral (Swit)	54
<b><u>No. 3</u> Projè ki Pretann Reyalize (Group B)</b>	<b>56</b>
Ilo Devlopman Zoranje	56
Ilo Devlopman Dezam	60
Ilo Devlopman Bonyòt	61
Plato Santral	63
<b><u>Twazyèm Etap : Otokritik</u></b>	<b>67</b>
Ilo Debaryè	68
Ilo Devlopman Bonyòt	69
Ilo Devlopman Dezam	70
Ilo Devlopman Kwa-Fè	72
Ilo Devlopman Zoranje	73
Plato Santral	75
<b><u>Katryèm Etap : Projeksyon</u></b>	<b>76</b>
Objektif	77
Ilo Devlopman Kwa-Fè	78
Ilo Devlopman Dezam (3èm faz projeksyon)	79
Rapò Group Debaryè sou Projeksyon	81
Ilo Devlopman Zoranje - Projeksyon sou Metodoloji Investigasyon-Aksyon	83
Projeksyon Plato Santral	86
Refleksyon ke yon Patisipan nan Atelye Travay la fè	87
Dènye Obsèvasyon sou Aplikasyon Metodoloji Investigasyon-Aksyon	88
<b><u>ANEKS</u></b>	<b>91</b>

1. The first part of the document discusses the importance of maintaining accurate records of all transactions and activities. It emphasizes that this is crucial for ensuring transparency and accountability in the organization's operations.

2. The second part of the document outlines the various methods and tools used to collect and analyze data. It highlights the need for consistent data collection procedures and the use of advanced analytical techniques to derive meaningful insights from the data.

3. The third part of the document focuses on the role of technology in data management and analysis. It discusses how modern software solutions can streamline data collection, storage, and analysis, thereby improving efficiency and accuracy.

4. The fourth part of the document addresses the challenges associated with data management and analysis. It identifies common issues such as data quality, data security, and data integration, and provides strategies to overcome these challenges.

5. The fifth part of the document discusses the importance of data governance and compliance. It emphasizes the need for clear policies and procedures to ensure that data is managed in a responsible and ethical manner, and that all activities comply with relevant laws and regulations.

6. The sixth part of the document provides a summary of the key findings and recommendations. It highlights the importance of a data-driven approach to decision-making and the need for ongoing monitoring and evaluation of data management practices.

7. The seventh part of the document includes a list of references and a list of figures. The references provide additional resources for further reading and research, while the figures illustrate key data points and trends discussed in the document.

8. The eighth part of the document is a conclusion that summarizes the overall message of the document. It reiterates the importance of data in driving organizational success and the need for a comprehensive and effective data management strategy.

PREMYE ETAP : ORGANIZASYON ATELYE YA



DEPATMAN AGRİKILT, RESOUS NATIREL  
AVEK DEVLOPMAN RIRAL

SEKRETARIA TEKNIK ILO DEVLOPMAN

Damyin, 8 jin 1979  
ST-42

Pou : M. \_\_\_\_\_

Sijè : Invitasyon

- Nou fè ou konnin ke yo chwazi ou kòm patisipan nan yon Atelye Travay sou rezilta Metòd Investigasyon-Aksyon ke yo pral fè Dezam de 18 a 23 jin 1979.

Pou sa nou ta mande ou pou pote fòm sa a yo voye ba ou avèk program nan, pou ranpli li tou pou yon echanj eksperyans.

- Nap asire domi chak moun nan atelye ya. Yap peye tout frè e sa ou depanse pou ou vini, yap remèt ou li (pri kamyon).
- Nou konte sou patisipasyon ou nan atelye travay la pou li sa ginyin yon bon siksè.

Joseph S. MILLIEN,  
Direkte Projè ya





Idantifye bezwin fòmasyon yo, bezwin ankadreman avèk finansman yo ki kapab antre nan planifikasyon metòd Investigasyon-Aksyon.

- Si ginyin nesesite fè ajisteman nan metodoloji "Investigasyon-Aksyon" sa ki kapab fasilite aplikasyon li.

Kòdonatè : Joao Bosco PINTO  
STID

- Anplwa tan ap prezante bay patisipan yo nan ouvèti seyans evalyasyon metòd Investigasyon-Aksyon.

DEPATMAN AGRIKILTI, RESOUS NATIREL AK DEVLOPMAN RIRAL  
(DARNDR)

SEKRETARIA TEKNIK ILO DEVLOPMAN  
(STID)

Dezam, 19 jin 1979

Nan la jounin 18 jin 1979, nan Dezam seksyon riral Vèrèt, Sekretaria Teknik Ilo Devlopman (STID) ki nan Depatman Agrikilti (DARNDR) ouvri yon Atelye Travay ke li òganize ak kolaborasyon IICA. Nan Atelye Travay ki dire 6 jou sa a, Teknisyin Nasyonal ak Etranje, Ajan, Lidè, Peyzan fè tout efò yo pou evalye rezilta yon nouvel metodoloji travay "Investigasyon-Aksyon" ke yap fè eksperyans depi 18 mwa nan Ilo Devlopman yo ak lòt sektè ki an-gage nan devlopman an. Me non moun ki patisipe nan Atelye Travay sa a :

- |                             |                             |
|-----------------------------|-----------------------------|
| 1. Joseph S. Millien        | 17. Jean-Claude Janvier     |
| 2. Guilboa Shlomo           | 18. Innocent Alexis         |
| 3. Fresnel Alvarez          | 19. Alexilien Chéry         |
| 4. Antoine Pelage           | 20. Erick Toussaint         |
| 5. Hugues Alexandre         | 21. Frédérique Auphan       |
| 6. Emmanuel Auphan          | 22. Luneau Pierre-Jérôme    |
| 7. Jean Vincent             | 23. Jean Auvilain           |
| 8. Mme Catherine Auvilain   | 24. Gérard Beltrey          |
| 9. Jean-Yves Jean-Banatte   | 25. Chavannes Jean-Baptiste |
| 10. Frantz Gandoit          | 26. Guy Petit-Frère         |
| 11. Céarque Dossous         | 27. Robert Pierre-Louis     |
| 12. Jolicoeur Tout-Puissant | 28. Jacques Brocher         |
| 13. Luckner Elusdor         | 29. Vilton Sévère           |
| 14. Roosevelt Compère       | 30. Dessalines Charles-Cius |
| 15. Peter Graeff            | 31. Jacques Pierre          |
| 16. Emilio Vincent          | 32. Joao Bosco Pinto        |

- 33. Lesly Duchatellier
- 34. Monique Macenat
- 35. Marie Phate Pierre-Toussaint

- 36. Mariana Casséus
- 37. Paule Silién
- 38. Véronique Saint-Cyr

Pou Komite Infòmasyon :

---

Dessalines Charles-Cius  
Responsab

---

Emilio Vincent  
Sekretè

Madi 19 jin 1979

- 9 vè 30 - 11 zè : 1) Prezantasyon patisipan yo  
2) Fòmasyon 4 komite yo

Administrasyon

J. S. Millien  
G. Shlomo  
F. Alvarez  
C. Dossous  
E. Toussaint  
J. Auvilain  
P. Graeff  
P. Décius  
Mme F. Auphan  
E. Cléophas

Edikasyon

L. Pierre Jérôme  
A. Pelage  
J. C. Janvier  
H. Alexandre  
G. Beltrey  
L. Elusdor  
V. Sévère  
C. Jn-Baptiste  
J. Pierre  
O. Bozil

Lwazi ak Relasyon Piblik

I. Alexis  
J. Y. Banatte  
A. Chéry  
J. C. Tout-Puissant  
J. Vincent  
G. Petit-Frère  
R. Compère  
F. Gandoit  
R. Petiton  
E. Auphan

Infòmasyon ak Dokimantasyon

R. Pierre Louis  
E. Vincent  
J. Brochier  
Mme K. Auvilain  
J. B. Pinto  
D. Charles-Cius  
M. Phate Pierre-Toussaint  
V. Saint-Cyr

- 3) Fòmasyon 2 group travay yo ; Group "A" ak Group "B"

Group "A"

G. Shlomo  
F. Alvarez  
A. Pelage  
J. Vincent  
H. Alexandre  
F. Gandoit  
J. C. Janvier  
J. C. Tout-Puissant  
C. Dossous  
D. Charles-Cius  
J. Auvilain  
G. Beltrey  
J. Y. Jn-Banatte

Group "B"

I. Alexis  
A. Chéry  
E. Toussaint  
L. Pierre-Jérôme  
R. Pierre-Louis  
G. Petit-Frère  
L. Elusdor  
E. Cléophas  
R. Petiton  
Mme K. Auvilain  
C. Jean-Baptiste  
J. Brochier  
E. Vincent

E. Auphan  
J. C. Millien  
P. Graeff  
O. Bozil  
P. Décius

V. Sévère  
J. Pierre (Animatè)  
R. Compère  
J. B. Pinto  
Mme F. Auphan

11 zè - 11 zè 45 : Ekspoze J. B. Pinto sou espri ya ak fonksyon atelye travay la.

Dezam, 19 jin 1979

ROL KOMITE OTOJESYON YO

1. Komite Infòmasyon

Atelye travay pou evalye metòd Investigasyon-Aksyon

Atelye ya te ouvri madi 19 jin a 8 tè di matin. Se Agronòm Millien, Direktè Projè Ilo ki te ouvri li. Apre ke li te di tout moun bonjou, li te mande patisipan yo prezante tèt yo yon apre lòt. Sa te fèt.

Apre sa komite yo te fòme. Te ginyin 5 komite :

- Administrasyon
- Relasyon piblik ak lwazi
- Edikasyon
- Infòmasyon ak dokimantasyon
- Koòdinasyon

Komite yo te reyni pou yo te bay manm yo responsabilite yo. Min moun ki konpoze komite yo.

Infòmasyon ak Dokimantasyon

Responsab	: Dessalines Charles-Cius
Sekretè Rapòtè	: Emilio Vincent
Ajan Lyezon	: Robert Pierre-Louis
Kronolojis	: Catherine Auvilain ak Jacques Brochier
Daktilograf	: Marie Phate Pierre-Toussaint ak Véronique St-Cyr
Redaktè	: Joao B. Pinto
Tradiktè	: Dessalines Charles-Cius

Na jwinn konpozisyon lòt komite yo ak responsabilite lòt manm de lòt komite yo nan rapò ke yo ginyin pou prezan yo.

Dezam, 19 Jin 1979  
Joseph Simon Millien

2. Komite Administration

Atelye Travay nan Dezam pou wè sa ki fèt nan Metòd Investigasyon-  
Aksyon an

Reynyon komite administrasyon : madi 19 jin 1979

a. Min moun ki a la tèt komite ya

- Fresnel Alvarez, Prezidan
- Peter Graeff, Trezorier
- Joseph Simon Millien, Sekretè
- Exalène Clepha, Trezorier adjwin

b. Min responsabilite chak moun

- |  |   |  |
|--|---|--|
| - Kontrole pròpte sal a kouche,<br>sal a manje, sal pou moun tra-<br>vay | : | Céarque Dossous, Alphonse<br>Boisrond  |
| - Kontrole afè manje   | : | Jean Auvilain  |
| - Afè liyè, afè dlo  | : | Shlomo Guilboa   |
| - Distribisye materyèl ak ekipman  | : | Joseph S. Millien  |
| - Afè sante ak afè transpò   | : | Mitridate Deroche, Joseph<br>S. Millien, Rose Tizie,<br>Jacques, Fresnel Alvarez |
| - Kontrole depans ki fèt   | : | Peter Graeff   |
| - Afè règ jwèt la  | : | Tout manm Komite Adminis-<br>trasyon an.   |

Dezam, 19 jin 1979  
 Sekretè : J.Y. Jn-Banatte  
 Prezidan: Innocent Alexis

### 3. Komite Relasyon Piblik ak Rekreyasyon

#### Min kouman komite relasyon piblik ak lwazi fòme

Alexis Innocent, Prezidan	Responsab lyèzon ak komite ya
Jean Ives J. Banatte, Sekretè	Responsab lyèzon ak komite ya
Rémus Petit-Frère, manm	Responsab lyèzon ak komite ya
Roosevelt Compère, manm	Responsab lyèzon ak komite ya
Frantz Gandoit, manm	Responsab rekreyasyon
Alexilien Chéry, manm	Responsab rekreyasyon
Jolicoeur Tout-Puissant, manm	Responsab jwèt
Guy Petit-Frère, manm	Responsab jwèt
Jean Vincent	Responsab rekreyasyon

#### Min ròl Komite sa a

1. Asire lyèzon ant Atelye ya ak kominote Dezam;
2. Siveye e korije violasyon règ savwaviv ak politès;
3. Travay an kolaborasyon ak komite infòmasyon pou fè piblik yo fè konesans ak atelye ya;
4. Fè vizitè yo fè konesans ak atelye ya;
5. Responsab fè seremoni kloti travay atelye Dezam ak lòt komite yo ki konsène yo;
6. Responsab distraksyon nan atelye travay la;
7. Responsab jwèt yo;
8. Kontrole lè pou nou jwe;

Remak : Komite ya mande kolaborasyon atelye ya ak kominote ya pou fè seyans lwazi yo rey.

Ninpòt moun ou byin group ginyin dwa ofri yon blag, yon poèm pou distre tout moun nan yon fason edikatif.



Dezam, 19 jin 1979  
 Sekretè : Hugues Alexandre

Rapò Reyinyon Komite Edikasyon

Li te 2 zè edmi lè komite ya te reyini pou li te chwazi dirijan yo, sa vle di prezidan ak sekretè komite ya. Se te Jean-Baptiste Chavannes ki te nome prezidan ak Hugues Alexandre ki te sekretè.

Min lis lòt manm Komite Edikasyon an

- Luno Jean-Pierre
- Jean Claude Janvier
- Luckner Elusdor
- Jacques Pierre
- Antoine Pelage
- Gérard Beltrey
- Wilton Sévère
- Origène Bozile

Aprè sa manm yo te diskite sou fonksyon komite sa a pandan atelye ya.

Komite ya te ginyin pou fonksyon :

1. Asire ke kesyon yo poze nan kad ekspoze ya
2. Ke tout moun rete nan sijè ya
3. Ke sal la òganize an sèk nan lòd pou tout moun ka patisipe
4. Pou tout tablo rete pròp
5. Pou veye ke lidè yo patisipe nan tout reyinyon
6. Asire ke tout moun konprann ekspoze instriktè ya e poze tout kesyon pou li kapab reprann
7. Nap veye ke ginyin yon ti repo aprè ekspoze
8. Prepare orè de travay pandan atelye ya

Aprè sa nou te pase nan etablisman orè de travay pandan atelye ya. Piske travay matin yan te ffin fèt, nou te kòmanse ak orè madi swa :

- 3 zè 30 - 4 trè : Ekspoze rapò Ilo Bonyòt
- 4 trè 00 - 5 kè 00 : Travay group sou ekspoze sa a
- 5 kè 00 - 5 kè 30 : Prezantasyon rapò Ilo kwa fè
- 5 kè 30 - 7 tè 00 : Travay group sou ekspoze sa a
- 7 tè 00 : Soup

Dezam, 21 Jin 1979  
 Sekretè : Joseph S. Millien

Reynyon Komite Yo

Rezime Reynyon Komite Administrasyon

1. Fonksyonman Komite ya

- 1.1 Sal kote moun yo travay pa pròp. Chanm kote moun yo kouche ya pa netwaye. Precius ap antann li avèk Dossous ak Alphonse pou yo fè roulman nan afè pròpte sal ak chanm yo.
- 1.2 Pou afè manje, 2 tab yo trò piti pou 40 moun manje. Pè Gandoit ap prete komite administrasyon yon lòt tab pou pèmèt moun yo pi alèz lè yap manje.
2. Afè lajan pou bay patisipan yo : giny patisipan kap resevwa lajan. Ginyin lòt ki pap resevwa. Pa ekzanp, teknisyin ak peyzan ki nan Dezam pap resevwa anyin. Teknisyin ki pa ginyin frè deplasman e ki pa nan Ilo Dezam ap resevwa 125 goud.
3. Tizie, Joseph ak Alvarez ap fè lis tout moun ki bezwin transpò pou yo retounin la kay yo. Lis sa a ap pèmèt komite ya wè kouman lap fè pou pèmèt moun sa yo ale.

Komite ya ap reyni aswè ya apre soupe. Dossous ak Boisrond pat asiste reynyon sa a.

Dezam, 21 jin 1979  
 Sekretè : Hugues Alexandre

Rapò Reyinyon Komite Edikasyon pou Jodi ya

Aprè ke travay de premye jou atelye ya te fin fèt, te ginyin prinsipalman rapò rezilta metòd Investigasyon-Aksyon an ak sèk dinvestigasyon an group sou rapò chak Ilo. Nou ginyin matin yan pou nou fè yon ti analiz pa Ilo pou chak rapò sa yo, bagay sa a ap pèmèt ke chak group sa yo kapab wè difikilte ak tout problèm ke yo rankontre pandan ke yap travay ak metòd Investigasyon-Aksyon sa a.

Nan aprè midi bann mesye ki animatè redaktè ak obsèvatè group yo kite travay la de jou avan yo te prepare yon sintèz sou travay yap ginyin pou yo prezante sintèz li.

Aprè bagay sa yo nou te nonmin yon lòt prezidan paske prezidan nou an te ginyin obligasyon patikiliè, sa ki te fè li pati kite nou.

Prezidan nou te nonmin yan se Luckner Elusdor pou afè orè travay jounin jodi ya. Nou te ginyin :

Jedi matin :

8 zè 00 - 12 zè 00 : Analiz rezilta yo pa Ilo  
 2 zè 30 - 6 zè 00 : Sintèz sou sèk Investigasyon  
 Analiz sintèz la pa Joao

Dezam, 19 jin 1979

Orè Kou yo

- 7 tè 00 - 8 tè 00 : 1) Rezilta metòd IA nan Ilo Devlopman Debaryè  
Se Hugues Alexandre ki te prezante sa a
- 2) Diskisyon rezilta sa yo nan Group A  
Manm group B ya te la pou asiste sèlman
- 8 tè 00 - 9 vè 30 : Repa
- 9 vè 30 - 11 zè 15 : 1) Prezantasyon travay ki fèt nan Plato Santral  
a) Ak eksperyans C. Jn-Baptiste nan Papay  
b) Ak eksperyans J. Y. Banatte nan Tomasik
- 2) Diskisyon rezilta sa yo  
a) Nan Group B  
b) Nan Group A
- 11 zè 00 - 13 zè 00 : 1) Rezilta metòd IA nan Ilo Devlopman Dezam  
Se Gy Petit-Frère, L. Elusdor, J. C. Tout-  
Puissant, ak Cèarque Dossous ki te prezante  
rezilta sa yo.
- 2) Diskisyon sa yo nan Group A nan Group B tou
- 13 zè 00 - 15 zè 00 : Repa, Repo
- 15 zè 00 - 15 zè 30 : Prezantasyon anplwa di tan pou lèt jounin yo
- Diskisyon sou problèm konnin si yon vizit nan  
Group peyzan Boukan Lafèt se yon bagay interesan  
ni pou peyzan sa yo ni pou patisipan atelye ya.
- 15 zè 00 - 16 zè 00 : Yon delegasyon ki sòti nan Group A te fè yon vi-  
zit nan groupman Boukan Lafèt.

Dezam, 20 Jîn 1979

Epi nou kontinye avèk sa mèkredi ya:

- 7 tè 00 - 7 tè 30 : Prezantasyon rapò Ilo Debaryè
- 7 tè 30 - 8 tè 30 : Travay group sou ekspoze sa a
- 8 tè 30 - 9 vè 00 : Defene
- 9 vè 30 - 10 zè 30 : Travay group sou ekspoze sa a
- 10 zè 30 - 10 zè 45 : Repo
- 10 zè 45 - 11 zè 15 : Prezantasyon rapò Ilo Dezam
- 11 zè 15 - 12 zè 15 : Travay group sou ekspoze sa a
- 12 zè 15 - 2 zè 30 : Dine - Repo
- 2 zè 30 - 6 zè 00 : a) Travay redaktè group yo ak obsèvatè yo  
b) Vizit rès patisipan yo ak yon group es-  
tratejik ki nan Boukan Lafèt.
- 6 zè 00 - 7 tè 30 : Demonstrasyon group estratejik sa a sou yon  
sèk de kilti.

Min, pati sa a te fè objè diskisyon nan asanble ya, sa fè nou kite li pou konfimasyon demin.

Pou rès orè semèn nan piske yo pa ko prezante li nan asanble ya, nou pa jije li nesèsè pou mete li nan rapò sa a.

Dezam, 21 jin 1979  
Sekretè ; Hugues Alexandre

Komite Edikasyon te ginyin okazyon fè yon ti renyon dijans vè 2 zè edmi yan malgre ke tout manm Komite ya pat prezan se te pou nou te planifye sou lè ke travay yo tap fèt apre midi ya paske nan orè ke Komite ya te prezante nan matin, li te ginyin de aktivite ki te pou fèt de 2 zè edmi a 6 zè; min sa pat ase klè sitou pou lè ke aktivite sa yo tap fèt an detay.

Nou te planifye konsa :

3 zè 00 - 3 zè 15 : Otokritik rapò Ilo Zoranje  
3 zè 15 - 3 zè 30 : Kritik sou sèk Investigasyon pa group A ak B  
3 zè 30 - 4trè 00 : Deba an asanble  
4trè 00 - 4trè 15 : Otokritik rapò Ilo Bonyòt  
4trè 15 - 4trè 30 : Kritik sou sèk  
4trè 30 - 5 kè 00 : Deba an asanble  
5 kè 00 - 5 kè 15 : Otokritik Rapò Ilo Dezam  
5 kè 15 - 5 kè 30 : Kritik sou sèk  
5 kè 30 - 6 zè 00 : Deba an asanble

Nou te profite tou bay orè pou vandredi ya tou :

7 tè 00 - 7 tè 15 : Otokritik rapò Ilo Debaryè  
7 tè 15 - 7 tè 30 : Kritik sèk  
7 tè 30 - 8 tè 00 : Deba an asanble  
8 tè 00 - 8 tè 15 : Otokritik rapò Ilo Kwa-Fè  
8 tè 15 - 8 tè 30 : Kritik sèk  
8 tè 30 - 9 vè 00 : Deba an asanble  
9 vè 00 - 9 vè 30 : Repa  
9 vè 30 - 10 zè 00 : Otokritik - kritik sèk - Deba (Plato Santral)  
10 zè 00 - 12 zè 00 : Projeksyon pa Ilo  
12 zè 00 - 3 zè 00 : Repo - Repa  
3 zè 00 - 4trè 00 : Prezantasyon  
4trè 00 - 5 kè 00 : Sintèz konklizyon Joao B. Pinto  
Fin Atelye ya

Dezam, 21 Jin 1979

8 tè 00 - 13 zè : Analiz aplikasyon Metodoloji ya nan chak Ilo Devlopman

1) Fòmasyon Group chak Ilo yo :

Zoranje

A. Pelage  
E. Toussaint  
L. Duchatellier  
D. Charles-Cius

Bonyòt

G. Shlomo  
F. Alvarez  
J. Alexis  
A. Chéry  
J. S. Millien

Dezam

G. Petit-Frère  
C. Dossous  
L. Elusdor  
F. Gandoit  
J. C. Tout-Puissant  
R. Rierre-Louis  
E. Cléophas  
O. Bozil

Debaryè

H. Alexandre  
Mme Auphan  
P. Graeff  
J. C. Janvier

Kwa-Fè

L. Pierre-Jérôme  
E. Vincent  
J. Pierre  
J. Vincent

Plato Santral

J. Y. Jn-Banatte  
J. Auvilain  
Mme Auvilain  
G. Beltrey  
J. B. Pinto

2) Reynyon nan Group sa yo

14 zè 30 - 15 zè00 : Repa  
15 zè 30 - 16 zè30 :

- 1) Otokritik aplikasyon metòd IA nan Ilo Zoranje  
Se A. Pelage ki te prezante sa a.
- 2) Prezantasyon kritik rezilta Ilo Devlopman Zoran-  
je pa rapòte yo ki sòti nan Group A ak B.
- 3) Deba :  
Diskisyon te sitou konsène youn sèl problèm, min  
li : "Eske nou ginyin dwa boule kèk etap yo nan  
aplikasyon metodoloji ya ?
  - Sa ki fè teknisyin yo pèmèt tèt yo boule kèk  
etap se paske yo konsidere yo ginyin bon kone-  
sans milye ya (yo konsidere tou metòd la trò  
lou).
  - Li sanble atitid sa a se youn erè, pouki sa ?
    - paske li kapab anpeche konnin byin nivo pè-  
sepsyon peyzan yo;
    - paske konsa teknisyin yo kapab minnir ak-  
syon an sou la baz a priori pa yo;



paske Investigasyon an se yon demach ki fèt pou minn an pèmanans;

- 16 zè 20 - 17 tè 10 : 1) Otokritik aplikasyon metòd IA nan Ilo Devlopman Bonyòt; Se A. Chéry ki te prezante sa a.
- 16 zè 20 - 17 tè 10 : 2) Prezantasyon kritik rezilta Ilo Devlopman Bonyòt pa rapòte yo ki soti nan Group A ak B.
- 3) Deba :
- Eske li posib metòd IA nan mitan yon projè ki te ginyin tan kòmanse byin avan e ki pa te minn nan espri ya.
  - Fòk nou ginyin konsyans inpòtans pouwa ki nan min teknisyin yo : eske yo pa kapab manipile yon kominote ak metòd la ?
  - Pèsonalite teknisyin yo inpòtan anpil
  - J. B. Pinto fè nou remake ke motivasyon pa vle di konsyantizasyon, se yon bagay ki touche pi fon.
- 17 tè 20 - 18 tè 00 : 1) Otokritik aplikasyon metòd IA nan Ilo Devlopman Dezam
- 2) Prezantasyon kritik rezilta Ilo Devlopman Dezam ki soti nan Group A ak B.
- 3) Deba :
- Teknisyin yo aplike metòd IA tankou yon resèt majik paske yo pa fin konprann espri metodoloji ya;
  - Se yon veritab travay despri, se yon gro disiplin intelektual, li mande pou animate yo asimile anpil konsèp etc...
  - Pou nou kapab fè yon veritab eksperyans itilizasyon metòd la nou ta bezwin libere nou ak estrikti nou ginyin nan òganizasyon aktivite Ilo yo pou konsantre tout resous nou ginyin nan IA. li minm pou kont li. Eksperyans sa a ka mande o mwin yon ane;
  - Nan chak Ilo metòd la mande yon ekip ki solid e ki byin konsyan sou inpòtans responsabilite pa li;
  - IA mande defini yon program daksyon a mwayin e a lon tèm tou;

- Li posib pou yo pote amelyorasyon nan projè ki ansyin ki te ginyin tan kòmanse. Travay sa a mande pou yo akòde pi plis inpòtans nan patisipasyon peyzan yo nan tout etap yo kapab konpoze projè yap minn;
- Pou projè ki nèt yo, metòd la mande chanje lespri minm di travay anplis de teknik yo. Metòd la ekzije tout projè, tout desizyon, se nan la baz yo dwe sòti, se nan mitan pep la;
- Nou te wè metòd IA se pa yon ti zouti, se yon lòt fason panse travay devlopman an. Se pou tèt sa li kapab poze kèk problèm si li vini yon ti jan an konkirans tèt ou tèt zòn ak yon lòt estrikti institisyonèl ki pa STID.

ORYANTASYON PA : Redaktè Joao B. Pinto1. Evalyasyon ak Kritik

Yo pa kapab fè vrè evalyasyon-aksyon yon ekip ki ap travay nan kominote riral san yo pa fè kritik tou tan. Tout evalyasyon mande volonte ak kouraj, minm jan li mande papasite pou fè kritik la. Kritik nan yon pozisyon ki mande pou li fèt ak metòd, se yon pati esansyèl Investigasyon-Aksyon, si byin ke yo kapab di si yon group pa kapab fè kritik aksyon li kòm group, li pa kapab aplike metòd Investigasyon-Aksyon.

Yo di ke kritik plase nan yon pozisyon metodik paske nan teyori konesans ki sèvi kòm baz avèk profondè metodoloji ya, panse kritik la se yon moman ki nesèsè anpil pou byin konprann yon bagay. Li konstitye moman kote aktivite ak konesans rankontre, epi tout tan yonn ap depase lòt. Nan chèn konesans ki dwe eksprime ya, se kritik la ki pwim sentral, li se pwim ki ohita nan mitan pratik ki fè ginyin konesans, se la tou konesans ke la konsyans bay la sèvi guid pou kapab fè lòt aksyon.

Nou kapab di ke kritik se yon akt, li se yon prosesis tou, se akt ki mande pou panche sou aksyon epi panse aksyon ki akonpli. Se yon prosesis paske se yon bagay ki pèmanan ki mande pou yo insiste e se gras a li minm yo realize kritik, nan yon group kap travay pou arive chanje sosyete ya.

Dabò, kritik se yon akt ki fèt avèk la rezon ki pa fèt avèk santiman : li fèt avèk tèt, se pa kè, nou kapab di ke li fèt malgre kè. Se sa ki fè nou di ke kouraj nesèsè anpil pou fè kritik nan yon group. Souvan li pi fasil pou kritike tèt pa ou (otokritik). Pafwa se yon fason pou evite kritik, lè yon moun rekonèt fot li, erè li. Yo pa dwe fè otokritik konfyans. Sa pi nòb, pi gran lè yo rekonèt (sa ki pi difisil) ke kritik manm yon group fè ginyin plis valè ke si li avwe li koupab pou yo pa gin tan akize li.

Kritik la se yon akt ki analize aksyon ou byin tout aksyon ki akonpli : se pa yon analiz ou byin yon jijman ke yo fè sou fason chak moun nan group la kondi tèt yo. Kondwit yon moun kapab yon objè kritik sèlman si konpòtman

li se yon nwizans pou aksyon group la. Nan ka sa a manm yo dwe kritike li paske kondwit li pa yon bagay individyèl, li touche tout moun, interè group la ak aksyon ke group sa a fè.

Kritik dwe analize aksyon yo, bi aksyon yo, mwayin yo e minm sou ki fòm yo rive reyalize yo pou pèmèt wè orè, defo ak defayans.

Kritik la ginyin de bagay la dan li :

Sijè		Objè
Reflechi epi chita kalkile	<u>                    sou                    </u>	Aksyon ki fèt tout aksyon ki fèt

Se sa ki fè kritik la dwe jwinn objektif ke yo pouswiv nan tout aksyon, bi wap chèche epi konpare yo avèk rezilta ke yo jwinn. Se diferans nan sa ke yo pouswiv ak rezilta yo kipèmèt etidye aksyon ke yo reyalize yo, ke yo wè tou epi tou mwayin yo anplwaye pou rejwinn bi sa yo.

Premye sa ke yo dwe chèche ginyin nan yon kritik dwe fonde sou yon teyori ak yon pratik : objektif ak mwayin dwe sòti nan vizyon teyorik ki gide aksyon an. Nou deja wè nesosite yon teyori pou li gide devlopman yon pratik ki ginyin lòd la dan li. Tout diskou metodolojik se etid teyori yon bagay ou byin teyori konesans, tankou fondman kote sekans aksyon yo bati.

Si teyori ya pa klè ase, pa kapab ginyin yon kritik ki ginyin valè, li inposib pou konprann pou ki sa se tèl objektif ki pouswiv, se tèl mwayin ke yo anplwaye, se pa lòt. Se sa ki fè yon metodoloji, nan sans ke nou konprann li, pa kapab reyalize pa moun ki pa patisipe nan group la.

Kritik, an tan que lijman ki fèt sou aksyon ke yon group poze, li ginyin valè si li apiye sou yon konpresyon teyorik reyalite ki dwe devlope pou jwinn bi ki propoze yo, ni pou mwayin ke yo itilize pou rejwinn bi sa yo.

Objektif kritik la minm pa yon pwatin pou fè jijman teyorik sètadi ki rete sèlman nan lespri moun, min se yon jijman pratik, yon propozisyon aksyon ki ede group la : a) modifiye, amelyore ou byin elimine mwayin ki pa an akò avèk bi yo, ou byin b) chanje bi yo si yo pa koresponn ak reyalyte ki pou chanje yo ou byin si yo pa depase posibilite aksyon group la.

## 2. Metodoloji pou yon Atelye Evalyasyon

Nan minm Metodoloji Investigasyon-Aksyon sa a, akt kritik evalyasyon se responsabilite manm yo nan group la, sa ki pa regade ajan ki pa nan group la; ajan sa yo kapab sèlman fè evalyasyon sa ki fèt dehò group la, akonplisman kantitatif ki sèvi kòm indikatè min ki pa rive touche esans aksyon.

Nan minm metodoloji sa a tou, nan tout evalyasyon fòk yo kòmanse avèk rezilta konkrè ke yo dwe bay a metodoloji ya. Yo dwe konpare rezilta sa yo avèk objektif jeneral metodoloji ya imediatman e avèk metòd. Pou nou rafrechì analiz la, an nou sonje ke objektif prinsipal metodoloji ya se : "Rafèmi òganizasyon kominote de baz yo pou ogmante pouvwa kontròl yo sou procesis prodiksyon yo (ni avan, pandan ak apre) ak sou prodwi travay yo". Se sou atik fondamantal sa a ke yo baze pou jije nimpòt ki aksyon. Apre fòk yo konpare bi konkrè chak aksyon pou yo wè si bi sa yo jwinn ak bi jeneral la.

Answit, fòk yo wè mwayin ki anplwaye, dabò an tan ke mwayin pou atinn bi ya e an tan ke reyalyasyon konkrè yon metodoloji (sètadi kòm sekans lojik moman yo, faz yo, pa yo, instriman ak teknik yo). Souvan mwayin ke yo anplwaye yo pa mache avèk sekans metodolojik la, pafwa yo pa swiv sekans metodolojik la ase et pafwa teknik yo, instriman yo, e minm sekans la pa devlope ase. An jeneral, faktè sa yo pa kapab kreye problèm pou yo atinn objektif jeneral ak bi konkrè yo.

Koulye ya tout efò sa yo se pou rive a yon jijman pratik, a yon projeksyon sou aksyon an, a modifikasyon diferan instans aksyon ou byin kèk instans ki fè fayit. Yo kapab rive a chanjman nan bi yo, pou rann yo

pi reyalis, pou raproche yo a posibilite group la ak kominite kote yo travay. Pafwa fòk yo chanje mwayin yo an fonksyon bi ki propoze yo.

Pafwa tou, fòk yo prepare group la pi byin pou li kapab itilize instriman ak teknik yo pi byin. Anfin, yo dwe pafwa modifye pa kèk faz epi itilize lòt instriman lè yo remake yo pa kondwi a jwinn objektif ki te propoze yo pou chak moman ak faz. An tou ka, fòk yo pa kouri fè modifikasyon ak chanjman sa yo si yo pa sètin ke yo aplike metodoloji ya avèk metòd, jan sa dwe fèt.

Rezilta Aplikasyon Metodoloji ya pa IloFòmilè (Zoranje)

Done ke nou ta rinmin ginyin pandan seyans evalyasyon metòd Investigasyon-Aksyon :

1. Investigasyon ki reyalize sou problèm espesifik yo tankou :

Konstriksyon watè fouye dife, rout vicinal, kaptaj sous, konstriksyon depo, afèmaj yon lokal pou etablisman dispansè, konstriksyon fontèn piblik, seleksyon semans, aplikasyon teknik kilti, foraj sous ak mi sèk nan Fò Oje, netwayaj kano irigasyon

2. Aktivite edikatif ki reyalize avèk "Investigasyon-Aksyon"

Grafik ak kanva sou kesyon sou afè plantasyon : mayi, tomat, pye ban-nan avèk konsèvasyon sòl, kesyon sante : watè, kizin, fouye dife; Dire: 3 zèdtan pa seri, maximum moun : 25, sèk Investigasyon ak sèk de kilti

3. Group estratejik ki detekte, fòme :

Group ki detekte :	Beaudouin	Lidè :	Altera Toussaint ak Willy Plantè
	Tomabrun	"	Gesner Pierre
Group ki fòme :	Demontreuil	"	Leclerc Bazelais
	Prince	"	François Bellevue
	Jean-Malou	"	Kesnel Alexandre
	Fò Oje	"	Siméon Drouillard
	Berry	"	Gérard Dominique

## 4. Projè ki elabore, reyalize gras a Investigasyon-Aksyon/rezilta yo

Group Berry : Reparasyon rout, reyalizasyon projè agrikòl, mayi, pitimi

Group Beaudouin : Fontèn piblik ki ap konstwi ak reparasyon rout, konstriksyon watè

Group Démontreuil : Kaptaj sous, rout pou komunikasyon bouk yo, konstriksyon watè

Group Tomabrun : Rout, gadinaj

Group Prince : Rout ak projè agrikòl ki reyalize : tomat, mayi

Group Jean-Malwa : Konstriksyon watè ak rout

Group Fò-Oje : Foraj sous, konstriksyon watè, Projè agrikòl ki reyalize : mayi, pwa, pitimi

## 5. Lòt rezilta metòd la

Anpil projè jwinn ankourajman nan Plan Parenaj e yo ginyin siksè nan metòd Investigasyon-Aksyon. Inpòtasyon ti plan bannan, konstriksyon 30 kay, 50 kizin ak 20 reparasyon. Ed pou konstriksyon, 100 watè, 5 fouye dife, 100 kay ki konstwi avèk 23 fèy tòl chak avèk 25 glasi, chak pran 8 sak siman.



## Fòmilè (Debaryè)

Done ke nou ta rinmin ginyin pandan seyans evalyasyon metòd Investigasyon-Aksyon

1. Investigasyon ki reyalize sou problèm espesifik yo tankou :

Problèm teknik agrikòl, preparasyon sòl, lit kont insèk, konvèsasyon prodwi, problèm irigasyon : separasyon dlo, tèt kanal, antretyin kanal, problèm ekonomi domestik : antretyin pi ak kizfn.

2. Aktivite edikatif ki reyalize avèk "Investigasyon-Aksyon"

Sèk detid sou problèm stokaj ak komèsyalizasyon

Prezantasyon kilti

Remak : Se plis peyzan yo ki detekte problèm sa yo ke yo bay teknisyin yo kòm infòmasyon sou mòd de vi yo byin jan yo viv la prezante lòt aspè problèm nan.

3. Group estratejik ki detekte, ki fòme :

Se pi gro problèm nan paske moun yo pa abitye reyni pou yo pale tout bon de problèm yo : sèl group ki ekziste yo se CAC fòmalis avèk SAC ki ginyin yon ekzistans kout a kòz de problèm lajan. Poutan, ginyin komite dàm yo ki fòme avèk fanm ki soti nan lòt abitasyon tou pre yo.

4. Projè ki elabore, ki reyalize gras a IA (Investigasyon-Aksyon/rezilta ke yo jwinn

Pa ginyin projè ki elabore depi nan kòmansman jis nan fin metòd Investigasyon-Aksyon an

Ginyin reyalizasyon (tèt kanal Bado Machan) ki pa bezwin Investigasyon, min yo bezwin sèlman òganizasyon pou aksyon

Ginyin lòt kilti atle (sètadi yo itilize bèt) ke yo a pèn kòmanse (konstriksyon depo, yap etidye yo).

## 5. Lòt rezilta metòd la

Dapre mwin metòd sa a se yon kad referans sètadi yon ranvwa pou teknisyin  
yan ki chèche minnin etap pa etap popilasyon an a reyalize e pran respon-  
sabilite sa ke li reyalize yo

Se yon metòd ki dwe aplike pwin pa pwin avèk moun ki pa wè interè ya pas-  
ke pou moun sa yo, yo dwe jwinn aktivite la minm.

## Fòmilè (Kwa-Fè)

Done nou ta rinmèn ginyin pandan seyans evalyasyon metòd Investigasyon-Aksyon :

1. Investigasyon ki reyalize sou problèm espesifik yo tankou :
  - 1.1 Posibilite patisipasyon lokalite nan anviron an nan konstrik-  
syon kanal irigasyon Kwa-Fè
  - 1.2 Amelyorasyon metòd kiltiral yo ak fòmasyon group agrikòl avèk  
50 manm
  - 1.3 Posibilite konstriksyon latrin ak klinik riral
  - 1.4 Konstrikasyon sant alfabetizasyon ak fòmasyon monitè
  - 1.5 Acha terin pou amajman yon nouvo konpleks skolè ak òganizasyon
  - 1.6 yon sant ekonomi domestik
  
2. Aktivite edikatif ki reyalize avèk "Investigasyon-Aksyon"
  - 2.1 Sèk Investigasyon ak sèk de kilti avèk group yo
  - 2.2 Sèk Investigasyon ak sèk de kilti avèk kès "sere prete" yo
  - 2.3 Nesèsite ak impòtans konstrikasyon latrin nan lokalite yo
  - 2.4 Pirifikasyon dlo pou bwè (netwayaj sous ak klorinasyon dlo a  
la rivyè)
  - 2.5 Etid problèm espesifik yo o nivo group yo
  
3. Group estratejik ki detekte, ki fòme yo :
  - 3.1 Group estratejik ki fòme nan 3 lokalite pou yo kapab chèche pro-  
blèm yo o nivo lokal, pou etidye yo e pou propoze solisyon  
pou yo
  - 3.2 Yon komite ki ginyin delege CAC divès lokalite yo pou chèche  
problèm Ilo a, etidye yo, pale avèk tout òganis ed piblik ak  
privè fasilite lokalite yo reyalize solisyon sa yo

4. Projè ki elabore e reyalize gras a Investigasyon-Aksyon/rezilta ke yo jwinn

4.1 Redemraj konstriksyon kanal irigasyon Kwa-Fè ak fron komin lokalite yo pou byin sezi problèm nan

4.2 Konstrikasyon 20 sant akfabetizasyon nan lokalite yo, fòmasyon 24 monitè ak sou-inspektè alfabetizasyon

4.3 Oganizasyon yon sant ekonomi domestik

4.4 Acha yon terin pou konstrikasyon yon konplex skolè ak sant dakèy

4.5 Reyalizasyon yon klinik rural

4.6 Pran sou responsabilite èd ke yo jwinn ak repatisyon èd sa yo

4.7 Trouve materyèl travay

5. Lòt rezilta metòd la

5.1 Miltiplikasyon CAC nan lokalite nan anviron an

5.2 Fòmasyon group agrikòl kredi

5.3 Kontak yon group plantè avèk konpayi tabak "kòm il fo" pou yo kapab plante tabak


5.4 Fòmasyon nouvo kès depay ak kredi (sere prete)

5.5 Konstrikasyon ak agrandisman rout (kominikasyon)

5.6 Jwinn yon nouvo fòm kredi nan min IDAI

5.7 Voye 2 monitè labou ak yon atlaf nan Dezam

DEZYEM ETAP : REZILTA AK ANALIZ



DEZIEM ETAP ATELYE YA

No. 1 : Oryantasyon Pinto - STID sou Analiz Aplikasyon Metodoloji Ya Nan Ilo Devlopman Yo

A. Objektif

Analize avèk tout patisipan yo ki jan yo anplwaye metodoloji Investigasyon-Aksyon an, tankou yon procesis, tankou instriman avèk teknik. Pou yo kapab dekouvri problem avèk difikilte, fay, erè ki ginyin lè yo ape anplwaye metodoloji sa a. Se pou yo kapab propoze koreksyon, chanjman nan metodoloji ya epi tou amelyore konesans avèk kapasite manm Ilo yo pou yo kapab aplike li pi byin.

1. Kesyon ki diskite nan chak group

- Se ki lès moman (I, II, III) nan aplikasyon metodoloji ya ou prezan pou asiste li ?
- Pou chak moman, se ki etap yo reyalize, se ki lòt yo pa reyalize ? Pou ki rezon yo sote kèk etap sa yo ?

Pou Moman I

- Eske yo fè Sèk Investigasyon ? a ki konklizyon sa abouti ? èske ou prepare yon dokiman sou sa ?
- Eske ou prepare yon program edikatif ? ki tèm ou itilize ? se ki objektif e ki materio edikatif chak tèm ? Eske ou rive vrèman detekte group yo, èske ginyin yon konparezon ki fèt ant teyorizasyon avèk pèsepsyon sa a ?

Pou Moman II

- Eske ou reyalize Sèk de Kilti ? e ki rezilta ou jwinn ? se konbyin ?

- Eske ginyin yon projè kominotè, ki fason yo an relasyon avèk Sèk Detid yo ? Eske yo etabli kontròl kominotè sou projè ya, se ki kontròl sa; Eske kontròl sa yo reponn a kritè ekonomik, sosyal, politik ki etabli pou yo ?
- Sou groupman estratejik yo
  - Eske ou reysi dekouvri ou byin fòm groupman estratejik ? èske yo patisipe nan yon sèl projè kominotè, èske yo ginyin rapò antre yo? èske group estratejik yo reysi fè lòt group santi aksyon yo ?
  - Ki jan leadership (sètadi kòmandman) etabli pami group estratejik sa yo ? ki kalite leadership ?
  - Sou instriman avèk teknik investigasyon an
  - Sou instriman avèk teknik Investigasyon an
    - " Eske teknisyin yo anplwaye jounal de chan an regiliman ?
    - " Eske group teknisyin yo reysi fè peyzan yo integre ou byin patisipe tou ? èske peyzan sa yo se pou group estratejik ke yo ye ?
    - " Eske group teknisyin yo reysi fè fich dekouvèt ? èske group la reyni pou diskite sou fich sa yo ?
    - " Eske peyzan yo reyni pou drese kànva avèk kò MIA ?
    - " Eske yo fè yon siveyans avèk obsèvasyon san rete sou Sèk Investigasyon ? èske yo reysi fè kritik sou fason Sèk de Kilti avèk Sèk Investigasyon yo fèt ?



Groupman Teknisyin Zoranje  
 Koòdonatè : A. Pelaje  
 Ajan Agrikòl : E. Toussaint

B. Rezilta prezante pa Ilo Zoranje

1. Rezilta sou Metodoloji Investigasyon-Aksyon nan Aplikasyon nan Zòn Travay  
 Nou

Nan Projè reyalize, ki dwe reyalize ak sa ki deja kòmanse tankou : rout nan Ilo a (kafou - fò-Oje - krish kap rouj - jn-maloi - bodwin - demonstrèy de avyasyon a loti). Kaptaj sous : (la kwa - seus - belanje) - lokal ajè me pou etablisman dispansè - konstriksyon fontèn piblik, aplikasyon teknik kilti sou mayi, pwa, bananye, foraj sous ak misèk nan fò-Oje, kiraj kanal irigasyon, nou kapab pran kòm projè ke nou fè plis aksyon nan aplikasyon metodolojik la :

- a) kaptaj sous la kwa avèk basin resepsyon;
- b) fontèn piblik bodwin ki nan chemin reyalize;
- c) kaptaj sous Belanje avèk basin resepsyon;

1.1. Faz reyalizasyon kaptaj sous Lakwa nan swit metòd la avèk groupman na-  
 tirèl : Tomabrun di Tomaklè (nov. 1978)

Premyè etap

Investigasyon avèk Journal Chan (vizit domisilyè ak kesyon prepare sou aspè sosyal, ekonomik, kiltirèl; teknisyin ki fè travay sa a : se koòdonatè A. Pelage, teknisyin Alix Maniga, Ajan Agrikòl Erick Toussaint ak Lidè Duvil Maslin, Gespè Piè. Tèm ki te parèt plis se te pou popilasyon bwè bon dlo.

Aprè sa, teknisyin yo prepare ansanm kòd ak kanva kesyon pou prochain reyinyon ke lidè Tomabrun di Tomaklè te propoze nan 15 jou. Sèk Investigasyon sa a te fèt jan li te dwe fèt; kesyon yo te poze, repons te klè, kòd la te interese yo, problèm te vizib nan pèsèpsyon yo.

Nou te mande yon lòt reynyon pou yo kapab fè moun yo dekouvri problèm nan pi byin ak tout kòz li, nou fè resòti kèk diferans nan bon dlo ak move dlo, ki sa sa fè, pou moun yo kapab wè li, manyin e sezi li apre yo kapab pase a laksyon.

Nou te reysi bati yon program edikatif avèk Kesyon sou mwayin ke nou dwe itilize. Tèm prinsipal la se bwè bon dlo.

a. Kanva

Ki jan pou kaptaf sous fèt ? sa ki pou fè li ? ki materyo ke nou kapab itilize ? sa ki dwe bay materyo yo ? konbyin bòs ki kapab di ke yo ginyin nan zòn nan.

b. Kòd ak grafik

Diferans sante nan 2 moun : yonn kapab bwè bon dlo, lòt kapab bwè dlo nan ma.

Nou ginyin chema ki la : materyo nan kominote ya : bòs mason, zouti, ingenyè, sibvansyon kominote, Ed nan siman, reyalizasyon.

Nou pat okipe de teyorizasyon ni de programasyon. Plan Injenyè ya te sifi pou groupman an ki te pare pou tout sa li kapab bay e ki nesesè. Konstriksyon fontèn piblik avèk limyè nan Bodwin. Nou te fè minm prosede. Nou te jwinn èd eksteryè ki pa mache; nou te jwinn opozisyon sipèvizè Plan Parenaj kap travay nan Zoranje.

Peizan nan groupman Bodwin te fè intèvansyon dirèk nan Plan Parenaj. Yo jwinn promès e janè satisfaksyon.

Yo ginyin pou projè ya : ròch, sab, lajan pou sibvansyon bòs yo ki la nan kominote ya. Yo dispoze kouraj yo, yo ginyin yon otorizasyon sèvis idrolik ki nan min Agronòm Distri ya. Yo ginyin yon tèm ke yo bay e ki apante pa Biro kontribisyon pou minm fontèn nan.

Projè sa a nan somèy depi oktòb 1978. Teknisyin te bati yon programasyon ak moun yo e yo te voye li Damyin. Injenyè Berto Dorcélus te fè plan ak devi pou fontèn sa a.

## 1.2 Kaptaj sou Belanje avèk Groupman Montrèy (konstriksyon basin resepsyon)

Groupman sa a, nou ka konsidere li kòm yon groupman estratejik ki vinn fòme nan zòn nan apre nou teknisyin te fin prepare sou zafè Investigasyon-Aksyon. Fòmasyon li te fèt ak teknisyin e lidè tankou Abèl François, Duvil Maslin, Lys François. Nou te ize minm eksperyans ke nou te fè pou kaptaj sou Lakwa. La nou pat bezwin prezans Injenyè ya paske nou te sèvi ak minm bòs ki te fè premye kaptaj sous la. Kaptaj sous sa a se yon travay ki fèt nan mwa sa ke nou ye ya. Groupman ki fè li ya ginyin 25 moun.

### a. Kesyon

Nou rive nan 3 moman metodoloji, sepandan ginyin projè ke nou konsidere ki pako atinn moman yo. Nou ginyin ekzanp basin nan Fò-Oje; se asire nap asire groupman nan Fò-Oje nan yon òganizasyon solid

pou li kapab pran responsablite li. Nou toujou okipe de teyorizasyon paske se nan zòn nan ke nou ye e peyzan yo pa pi bezwin li e nou te deja fè yon teyorizasyon sou tout Ilo Zoranje.

- Eske nou te reyalize Sèk de Kilti ?

Wi, avèk Group Demontreuil, Tomabrun, Beaudrouin

- Ki rezilta nou te jwinn ?

Kaptaj sous avèk basin resepsyon nan Demontreuil ak Tomabrun

b. Analiz

Nou kapab di ke Projè Fontèn se yon Projè ki depase anpil moun nan Beaudrouin pou resous. Oganis èd Plan Parenaj mete nou an reta.

Sou groupman estratejik, nou te reysi detekte 2 groupman natirèl, nou te oryante yo; nou te reysi fòme 5 groupman : Demontreuil, Princee, Jean-Maloi, Fò-Oje, Berry.

- Eske yo patisipe nan konsèy kominotè ?

Wi, yo ginyin lyezon nan gran konsèy la paske yo bezwin li tankou siro.

- Kouman leadership te fèt nan group la ?

Nan reyinyon yo, yo fè chwa lidè ki ginyin plis devouman nan avantaj zòn nan, ki kapab sèvi nan tout bon kòz.

- Sou instriman teknik investigasyon, èske teknisyin anplwaye Journal de Chan ?

Teknisyin oblije anplwaye Journal Chan, li la kòm yon memwa sou problèm kominote.

- Eske group teknisyin fè Fich Dekouvèt ?

Wi, yo fè fich dekouvèt, yo pa toujou diskite

- Eske group teknisyin reysi inkòpore, integre peyzan ?  
 Wi nou reysi integre yo, inkòpore yo paske nou jwinn lidè la dan yo ki pran cheval, yo ale jis Fò-Oje. Yon zòn ki ginyin gro mòn e ki sitiye a prèske 10 km Ilo Zoranje. Nou kapab di yo fè bon travay ak nou. Se gras a kouraj yo ki ede monte e oryante groupman estratejik yo.
  
- Eske nou fè kritik sou Sèk Investigasyon ak Sèk de Kilti ?  
 Wi nou toujou fè kritik sou Sèk Investigasyon ke nou fè ak Sèk de Kilti.
  
- Eske group teknisyin avèk agrikiltè konstitye vrèman yon group instrimantal pou devlopman ?  
 Nou kapab di wi, paske nou pap travay pou tèt nou min pou devlopman kanpay la, pou garanti peyi ya.

## C. Analiz Aplikasyon Metòd la nan Ilo Oezan

### 1. Traksyon Animal

#### 1.1 Moman III : Katryèm ekzekisyon

#### 1.2 Etap nou reyalize

##### 1.2.1 Moman I

- Wi nou fè Sèk Dinvestigasyon
- Avèk 3 group
- Yon sèl tè "prepare tè ya"

##### 1.2.2 Moman II

- A loral sèlman : sistematizasyon
- Teyorizasyon : non
- Pèsepsyon group yo : Wi
- Konparezon ant teyorizasyon ak pèsepsyon moun yo : non

##### 1.2.3 Moman III

- Sèk de Kilti : wi yon sèl avèk 2 group diferan
- Rezilta sitou teknolojik
- Wi projè ya ginyin pou li miltiplye nan kominote
- Relasyon an dirèk ant Sèk de Kilti ya e Projè ya
- Projè kontrole pa manm Projè ya  
Kontrol la ekzèse plis pa manm
- Projè ya nan ekzekisyon
- Projè ya ekonomik, li sosyal

##### 1.2.4 Lòt

- Groupman estratejik
- Nou detekte yon group plis ou mwinn estratejik
- Konsèy kominote : wi yo la dan li
- Yo patisipe nan Projè group kòm Projè KAK
- Groupman
- Wi rapò yo te sere ant groupman yo

- Yo pako gaye nan zòn nan
- Lidè yo parèt dapre kalite ak kantite intèvansyon yo fè
- Lidè yo ginyin tandans otoritè

### 1.3 Etap nou pa reyalize e rezon ki fè nou sòte etap

- 1.3.1 Nou te itilize ansyin Jounal Atelye novanm 1977 Dezam, nou pat fè Fich Dekouvèt paske nou pat wè li nesesè
- 1.3.2 Nou pa te relve gran tèms paske tèms nan te fikse byin avan
- 1.3.3 Nou te fè sistematizasyon aloral sèlman
- 1.3.4 Nou pa te fè aspè nan program edikatif konsyantizasyon paske nou pa te fè teyorizasyon
- 1.3.5 Nou pa te fè teyorizasyon paske nou manke konesans pou sa
- 1.3.6 Nou pa te elabore nouvèl fich dekouvèt paske nou pa te wè li nesesè
- 1.3.7 Nou pa te fè program edikatif paske nou te prese rive nan okzekisyon projè ya pou tèt kanpay mayi ya ki te rive sou nou.

### 1.4 Instriman avèk teknik Investigasyon

- Non nou pa itilize Jounal de Chan tou tan
- Non nou pa fè Fich Dekouvèt
- Wi nan group pli zou mwin estratejik
- Wi lè nou nan Sèk de Kilti nou integre peyzan
- Wi nou te fè kritik Sèk de Kilti ak Sèk Dinvestigasyon nan Komite koòdinasyon
- Wi mwin a kondisyon ke ginyin yon politik de devlopman ki favorize kontròl peyzan sou proses prodiksyon ni sou prodwi ya.

## 2. Konsèvasyon Sòl

### 2.1 Moman III : twazièm faz : programasyon

### 2.2 Etap pou reyalize

#### 2.2.1 Moman I

- Faz II
- Faz III an pati

#### 2.2.2 Moman III

- Faz I an pati
- Faz III

### 2.3 Etap nou pa reyalize ak rezon ki fè nou pa reyalize etap sa yo

#### 2.3.1 Moman I

- Faz I : paske nou te sipoze nou te ginyin yon konesans ase gran de zòn nan
- Faz III: nou te panse yon sèl Fich Dekouvèt te kapab sifi

#### 2.3.2 Moman II

- Teyorizasyon pa fèt pa mank konesans
- Faz III : nou pat wè inpòtans li

#### 2.3.3 Moman III

- Faz I : nou pat wè inpòtans yon nouvel Fich Dekouvèt
- Faz II : Nou te vle prese ak Projè ya
- Faz IV : Nou pa ko rive la

### Projè Kredi Zouti

Pou projè sa a, dapre reprezantan an, metòd Investigasyon te anplwaye pou li rive fòme 3 group estratejik Mori Moje. Nou ginyin inpresyon group sa yo pa ko fin solid e yo pa ko wè kouman projè ya ap reyalize e ni kouman yap reyalize yo.



konstriksyon dispansè, achèyman sant alfabetizasyon, acha terin pou konstriksyon lekòl etc...

Objektif yo se te ogmantasyon prodiksyon, mintni sante popilasyon yo an bon eta pou ogmante kapasite travay yo, diminye to analfabetis la pou pèmèt moun yo ginyin konesans pi laj.

Pèsepsyon group yo te detekte. Kòm konparezon se fasilite yo fasilite chwazi tèl priyorite yo ak inpòtans yo mete nan programasyon yo.

### Moman III

Ginyin anpil Sèk de Kilti ki te reyalize pou ogmante pèsepsyon group yo e pou yo ginyin yon vizyon pi laj de vi yo. Rezilta yo konsiste an wè sityasyon yo nan vrè sans yo e debouche sou solisyon sètin problèm : konstriksyon latrin, acha terin pou konstriksyon lekòl ak sant dakèy, acha bèt ak chari kominotè.

Ginyin konstriksyon kanal irigasyon an ki yon projè kominotè. Gras a Sèk Detid yo ki te fèt, ginyin yon "komite responsab" ki fòme pou pran responsablite aktivite yo, kontakte popilasyon nan projè ya : kontròl mach travay la, administrasyon travay la, e apre achèyman kanal la, administrasyon kanal la. Projè ya reponn a kritè ekonomik sosyal ak politik ke yo ba li paske li pèmèt popilasyon yo ginyin meyè revni, pran swin sante yo pi byin e ginyin kontròl ak metrize projè yo.

Ginyin twa group kominote estratejik ki patisipe nan konsèy kominotè. Yo ginyin projè espesifik e yo ginyin rapò antre yo. Aksyon yo pèmèt lòt group ginyin tandans fòme.

Dodine yonn nan manm yo toujou ap pran devan nan tout sa ki ap fèt, de mèm nan defans interè yo.

Patikilyèman, animatè yo ginyin Journal de Chan yo. Se Journal sa a ki pèmèt yo jwinn tout infòmasyon yo bezwin pou yo fè fich dekouvèt yo.

## D. Ilo Developman Kwa-Fè

### Analiz Aplikasyon Metodoloji

1. Nan metodoloji ya, nou ginyin konsyans nou pase pa tou le twa moman yo; min se konsa tou nou ginyin konsyans nou pat swiv metodoloji ya a la lèt a kòz divès kontrint si te ginyin. Nou te oblije fè fas a kontrint sa yo, pran yon pati nan chak la dan yo. Kòm kontrint yo te grav, nou te oblije brile sètin etap pou nou te kapab rive ginyin mwins group ki fòme e kapab reponn a sitiyasyon sa yo.

Yonn nan kontrint ki pi inpòtan :

Mefyans popilasyon yo : yo ginyin plis ke 15 zan yap pran manti nan min òganis yo, yap sibi presyon chèf lye ya.

Sa fè nou brile etap yo pou nou te ka debouche pi vit sou projè ke yo vle reyalize.

#### Moman I

Etap reyalize : Investigasyon an te deja fèt e fini depi byin lontan avèk twa 3 group : kwa fè, paspòm, lospwèt. Tè ki te itilize se te : dlo rouzay, kredi, sante, edikasyon. Sistematizasyon an pat fèt nan vrè sans pou li te fèt.

#### Moman II

Teyorizasyon moman II yan te fèt nan yon sans pou li te kapab nan nivo moun yo, paske li te fèt a loral avèk yo. Kòm konklizyon chwa tè yo te fèt, se sa ki te pèmèt yo wè nesesite bati yon program dapre priyo-rite tè yo.

Program edikatif la pat prepare totalman jan sa ta dwe fèt, min te ginyin yon travay ki te fèt nan yon group (komite responsab Ilo a) ansanm avèk nou. Tè ki te itilize se te : dlo rouzay, konstriksyon latrin,

Peyzan yo patisipe a mwaye nan elaborasyon kànva ak kòd yo. Min se pa pou tout tan. Se pa tout fwa ke fason Sèk de Kilti yo ak investigasyon yo fèt. Sepandan nou abitye group yo evalye sa ki fèt, konpòtan òganis yo, konpòtman popilasyon yo, konpòtman tèt pa yo.

#### F. Analiz sou Aplikasyon Metòd Investigasyon-Aksyon nan Ilo Devlopman Bonyòt

Kòm pa ginyin anpil projè ki reyalize nan Bonyòt avèk metòd la, nou vle pran yon projè, kote tout twa moman yo te anplwaye vre, se projè lekòl la. Pa ginyin etap ki te neglije nan moman yo pou projè sa a.

Pou premye moman an nou te fè Sèk Investigasyon avèk twa group. Tèm nan se te Inpòtans lekòl nan Bonyòt. Rezilta yo te sistematize jan sa te dwe fèt.

Nan dezièm moman an nou te rive fè yon teyorizasyon ki te pèmèt nou wè relasyon problem lekòl avèk deyò : anpil famiy te kite zòn nan pou yo ale kote ki ginyin lekòl, ti moun ki lekòl la vil pa vle retounin nan kominote ya e si Kèk retounin, yo vini avèk yon lòt konsepsyon ki anpeche yo patisipe tout bon nan problem kominote ya. Yon ti dokiman te prepare pou travay teyorizasyon an.

Nou te prepare tou yon program edikatif. Yon nan tèm yo se te Inpòtans Lekòl nan Bonyòt. Gran objektif nou se te leve nivo konsyans moun yo pou ginyin yon lekòl nan Bonyont, avèk yon bon sistèm edikasyon. Kòm materyo edikatif nou te sèvi avèk afich istwa vivan etc..

Epi nou te rive dekouvri pèsèpsyon group yo e se sa ki te pèmèt nou fè yon teyorizasyon group. Nou te fè kèk Sèk de Kilti ak group yo. Moun yo te vin wè pi klè nan itilite konstriksyon lekòl la.

Konstriksyon an se yon projè kominotè ki te aprofondi nan Sèk de Kilti, e ke kominoteya ap kontrole li minm. Acha materyo, transpò etc.. Projè sa a te ginyin priyorite e li te chwazi selon kritè ekonomik, sosyal ak politik ki etabli nan kominote ya.

Twaka manm nan groupman estratejik Bonyòt, manm tou nan konsèy kominotè ya. Projè ya te etidye ak yo e konsa te ginyin inflyans sou popilasyon. Teknisyin yo toujou anplwaye Jounal de Chan e souvan yo fè fich dekouvèt nan 2 okazyon; Fich Dekouvèt yo te byin diskite ak moun yo : Projè lekòl ak kanpay pwa.

Nan tout aplikasyon metòd la teknisyin toujou sèvi avèk peyzan. Sèk de Kilti yo te toujou siveye e obsève epi teknisyin te toujou reyni pou kritike fasyon yo te fèt. Teknisyin agrikilti Bonyòt yo se yon veritab group instrimantal pou devlopman an.

E se analiz pa Group Bonyòt - Mèsi.

DEZYEM ETAP ATELYE YA

No. 2 : Travay An Group Sou Aplikasyon MIA

Atelye Travay sa a òganize sou Metòd Investigasyon-Aksyon

Rapò sou rankont Group A, o sijè rezilta aplikasyon metòd Investigasyon-Aksyon nan Ilo Zoranje.

Te ginyin de projè ki te diskite nan group la :

- Projè plante bannan
- Projè kapte sous Belanje

Pou Projè plante bannan nan, min sa ki te sòti nan diskisyon :

1. Se teknisyin yo ki te vini avèk lidè projè plante bannan
  - Teknisyin mete lidè sa a nan tèt fanmiy Plan Parenaj, nan Ilo a, pa mwayin vizit a domidilansanm avèk kèk lidè e pa mwayin reynyon;
  - Nou remake ke yo pat pase pa faz Investigasyon-Aksyon
  - Projè sa a te la byin avan teknisyin te aprann metòd Investigasyon-Aksyon.
2. Se groupman yo, ki te bati program avèk teknisyin yo, lè yo fini yo prezante projè ya nan gran konsèy. Min nou wè pat ginyin yon vrè program edikatif ki te fèt avan yo te prepare projè ya. Efò edikatif ki te ginyin te baze plis sou objektif teknolojik ke sou objektif konsyantizasyon.
3. Nou remake metòd la prèske pa parèt di tou nan Projè sa a.

Pou Projè Kaptaj Sous Relanje

1. Dapre reprezantan Oranje, metòd Investigasyon te pèmèt groupman Démon-  
treuil dekouvri problèm bon dlo pou bwè. Avèk sèk de kilti yo te rive  
sou projè kaptaj. Se peyzan yo avèk teknisyin ki te prepare projè ya.
2. Nou santi ginyin anpil efò ki te fèt pou aplike metòd Investigasyon-Ak-  
syon nan projè sa a. Min, yo pat rive ginyin objektif de konsyantiza-  
syon, yo te plis rete nan objektif teknolojik.

## Diskisyon an Group sou Rapò Ilo Zoranje

San pote okinn jijman sou interè ou byin valè aktivite yo teknisyin Ilo a fè ak kominote ya, lyin ki ginyin ant aktivite sa yo e Investigasyon-Aksyon an pa trè klè. Kritik yo ke yo ekspoze yo rezime opinyon group B ya sou rezilta ke teknisyin Ilo a bay a aplikasyon metodoloji ya.

### 1. Sou 5 groupman estratejik yo

- 1.1 Ou pa kapab konnin kouman groupman sa yo te fòme;
- 1.2 Karakteristik 5 groupman sa yo pa sanble ke karakteristik ki fèt pou yon groupman estratejik;
- 1.3 Groupman estratejik yo di ki ginyin yan pa sanble se rezilta aplikasyon metodoloji ya;
- 1.4 Yo pat kapab dekouvri ki rapò group estratejik yo ginyin avèk kominote ya, ni si yo ginyin rapò pami yo.

### 2. Sou aktivite yo, yo fè parèt kòm rezilta aplikasyon an :

- 2.1 Majorite aktivite yo pa plase yo nan prodiksyon an; se aktivite nan domèn sante ou abitasyon;
- 2.2 Yo pa fòme yon projè min se aktivite gaye, ki pa ginyin anpil lyin antre yo : nan ka sa a, kòman yo ta kapab sòti nan aplikasyon metòd IA ?
- 2.3 Ou santi ke Plan Parenaj la te inpoze aktivite yo a teknisyin e teknisyin yo te sijere yo a peyzan yo. Si sa se vre, li kontrè ak IA;
- 2.4 Ou santi ke aktivite sa yo pat kontribye nan ranfòse kontròl kominote ya sou prodiksyon li, e ankò mwins nan devlopman yon konsyans reyalite ya e pouvwa li ginyin pou li chanje sitiyasyon sa a pa yon òganizasyon;
- 2.5 Nan teknisyin yo ginyin plizyè konsèp ki pa klè : group estratejik, kominote pran konsyans ke fòk sa vîn klè.

## Ilo Developman Bonyòt

### Diskisyon te fèt sou de bagay :

- Sou group estratejik;
- Sou projè miltiplikasyon semans pwa;

### Sou group estratejik nan Kontwa, min sa ki te sòti

1. Manm group la sanble yo nan minm rotè sou afè prodiksyon.
2. Pa ginyin program edikatif byin bati ki pou ta pèmèt yo fè aksyon ki ginyin valè.
3. A travè kontak teknisyin avèk manm group la, sa te pèmèt kreyasyon 3 klib 4-C.
4. Nou pa fîn santi byin kote teknisyin yo prale avèk group la.

### Sou projè miltiplikasyon semans pwa

1. Projè sa a pa te minm sòti nan lide teknisyin Ilo, min li te sòti nan teknisyin Damyin;
2. Projè ya te minnin avèk yon group nan Ilo a, group sa a se komite agrikòl. Nou pa remake itilizasyon metòd la nan prosesis projè sa a minm si nou rekonèt ke se yon projè ki ta kapab interesan pou kominote ya te rive kontrole projè ya vre.
3. Estokaj pwa a nan depo Bonyòt la mete nan lespri moun yo ke pwa se pa pou yo. Yo kwè se pou leta.



## Ilo Devlopman Kwa-Fè

### Diskisyon nan group la te fèt sou de pwin

- Sou projè konstriksyon latrîn
- Sou fòmasyon komite responsab la

### Sou projè konstriksyon latrîn, min sa ki te sòti nan diskisyon an

1. Projè ya se komite sante ki te vini avèk li. Komite ya te profite si-konstans de kochon ki te mouri nan Ilo a, pou motive moun yo nan bi pou ginyin latrîn. Yo pa ginyin tan pase pa tout faz metòd Investigasyon-Aksyon. Min yo te anplwaye kèk bagay nan metòd la kan minm, pa ekzanp kòd ak chema programasyon.
2. Nan projè sa a nou remake ke teknisyin yo konfonn group instrimantal avèk group estratejik. Dapre yo, komite sante ya ta kapab yon group estratejik. Min nou wè li pa sa, paske nan group sa a ginyin gro kòmèsan, ginyin plantè, ginyin jinn fly ki pa nan aktivite ekonomik.

### Sou afè komite responsab, min sa ki te sòti

1. Nou wè apròch ke teknisyin yo te anplwaye te trè bon, paske fòmasyon komite sa a, se yon gro pa nan kontròl kominote ya sou projè irigasyon.

## Ilo Devlopman Debaryè

Nan group sa a diskisyon te fèt plis sou difikilte aplikasyon metòd 1.

1. Jiska prezan yo pa jwinn vrè group estratejik. Group ki ginyin yo se sosyete agrikòl de kredi. Min ginyin anpil nan minm lokalite. Yo tout twa ginyin minm interè. Teknisyin yo te kòmanse swiv yon group ki te sanble yon group estratejik, min group sa a te vini kraze. Kòm ginyin yon teknisyin ki te di group la se yon group estratejik li ye an prezans

manm yo, sa sanble ke mo sa a te chanje trè mal konpòtman manm yo. Group la te vin kraze.

2. Dapre teknisyin yan, ginyin yon nouvo group ki kòmanse fòme pou ekzekite konstriksyon depo, li sanble ke li kapab vini yon group estratejik. Nan nivo groupman jinn yo tou teknisyin yo ginyin eksperyans deja pou yo ran-tre kèk group estratejik.
3. Ginyin yon projè irigasyon nan Bado Machan, popilasyon an te tèlman prese, pat ginyin tan pou swiv tout etap yo. Paske sezon la pli ya te prèt pou rive. Popilasyon te ginyin projè ya nan min yo, min yo te vin ginyin tròp konfyans teknisyin sou plas ki minnin anpil demach pou te ka reyali-ze projè ya.
4. Dapre reprezantan an, yon nan pli gran difikilte nan aplikasyon metòd la, se afè plizyè institisyon kap travay nan Ilo a ki pa ko rive antann yo. Li merite pou tout teknisyin de chak òganis yo antann yo vre pou yon pi bon travay kapab fèt.

### Ilo Plato Santral

Nan group sa a, diskisyon te fèt sou 2 aktivite :

- Sou projè fòmasyon animatè
- Sou group estratejik

### Sou Projè Fòmasyon Animatè, min sa nou te retri

1. Lide Projè sa a te sòti lè mesye Plato Santral yo te fin asiste atelye sou metòd Investigasyon-Aksyon nan Dezan ak Bonyòt. Yo santi yo ta kapab fè plis travay nan metòd la si ta ginyin plis moun ki konnin.

### Sou Projè Fòmasyon Group Estratejik, min sa nou te wè

1. Teknisyin yan pat swiv mach metòd la pou rive a fòmasyon group estratejik

yo. Li te kontante li sèlman de chwazi kèk lidè, pou li eksplike yo ki tip moun li ta vini min ginyin nan group sa yo epi se lidè sa yo ki rasanble moun yo. La nou remake ke teknisyin yan pa ko ginyin kontak dirèk avèk group sa yo. Nou wè li pa ko chèche infòmasyon sou problèm group yo, sa kapab bay traka nan progrè ke group yo ta dwe fè. Si-tou lè nou konsidere kritè ke teknisyin yan te ginyin lè li tap chwazi group yo; (viv de agrikilti, wi se wi, non se non; fòk li ginyin lide tou pou li fè progrè) kritè sa yo pa sifi pou moun ginyin antant antre yo minm.

2. Nou remake nan kritè sa yo, gran plantè avèk ti plantè kapab anpeche group la mache byin. (fonksyonèl)
3. Nou remake teknisyin yan pa ffin kwè tout 6 group yo ap kontinye, li kapab minm ffin kwè ke si tout moun ki nan yon group ap rete nan group la. Tout dout sa yo, se paske se pat metòd Investigasyon-Aksyon li te anplwaye pou li rive fòme group sa yo.

### Ilo Devlopman Dezam

Nan Group Dezam, min sa ki te sòti :

#### - Projè konsèvasyon sòl

1. Se problèm teknisyin yan te ginyin avèk group bwa ilegal, ki fè li te vin ginyin projè konsèvasyon sòl nan tèt li. Pou li te kapab fè projè sa a vin yon projè kominotè, li te anplwaye metòd Investigasyon-Aksyon. Aksyon sa a te pèmèt li vin ginyin yon group estratejik de 8 manm, min li ginyin dout sou yon manm. Group sa a ginyin program pou yo plante sitron nan 5 karo tè pa yo. Ke yo ap kole tè yo ansanm.
2. Lide projè ya sòti nan tèt teknisyin yan, minm jan avèk lide 5 karo tè pou kòmanse projè ya. Nou konnin sa ginyin problèm la dan li, min kòm plantè yo wè interè yo nan plante sitron an group, sa kapab rete solid e projè ya ginyin chans pou li reyalize.

Dezam, 19 - 23 Jin 1980  
 Ilo Labelàn, Plato Santral  
 Jean-Ives Jn-Banatte.  
 Jean ak Catherine Auvillain  
 Gérard Beltrey  
 Joao B. Pinto

Plato Santral (Swit)

1. Group la pat ka sèvi ak kesyonè ya paske Ilo Labelàn nan se yon bagay ki ekziste sèlman sou papyè. Donk, yo pa kapab sèvi ak metodoloji ya.
2. O kòmansman, group la te diskite sou rapò ki ginyin ant fason Chavannes fòmè group pa li yo, nan fason li travay ak yo pou fè yo vini pi solid. Malerezman Chavannes te ginyin tan pati, sa fè ke nou pa jwinn anpil infòmasyon sou sa. Li sanble sepandan ke bi metodoloji aksyon an sanble anpil ak bi pa Chavannes nan fason li òganize group pa li yo. Si ginyin diferans, ou va jwinn yo sitou nan fason Chavannes konsolide group pa li yo. Group sa yo pa reyni yo pou devlope yon projè detèmine, min yo reyni e yo devlope yo otou kèk aksyon ki nin moun yo ansanm nan domèn prodiksyon. Nan fòmasyon group yo, ginyin anpil ekzijans sou disiplin, sou yonn ede lòt, pou yon santi li mare ak lòt.

Li ta bon pou STID ta mande Chavannes plis infòmasyon sou metòd li sèvi pou òganize group li yo, pou li minm STID ka anvizaje amelyore teknik òganizasyon group estratejik yo ak teknik animasyon nan Ilo yo.

3. Nou te diskite tou sou diferans ant Metodoloji ak Metòd. Si metòd la se yon rout tou trase, kèk fòmil pou aplike yon fason mekanik, ou pa kapab di metodoloji ya se yon metòd. Min si tout metodoloji ya se yon swit aksyon (etap, periòd, pa) ak teknik ki sòti nan gran lide jeneral ke ou kapab aplike a sitiyasyon reyèl la, nan ka sa a, ou kapab di ke metodoloji ya ginyin metòd la ladan li tou.
4. Nou te diskite tou de posiblite ki ginyin pou aplike metodoloji ya selon listwa peyi dayiti. Kèk manm nan group la te ginyin kèk dout sou fason pou aplike metòd la a san pou san, a kòz kèk limit ki sòti nan institisyon yo, a kòz fòmasyon teknisyin yo etc...

Nou te eseye nan group la pou nou fè plis limyè sou fason ke nou dwe adapte metodoloji ya selon reyalite istwa a.

- 1) Metodoloji pa yon bagay sakre, ke ou pa kapab modifye ditou. Kèk bagay chanje teyori ya.
- 2) Fòk nou konprann tou ke yon group teknisyin kòm sa yo ki nan Ilo yo pap chanje abitud yo fasil. Fòk nou konprann tou ke aprann yon metodoloji se yon bagay ki ginyin kèk limit ki sòti nan institisyon yo, nan fomasyon, nan prinsip ak nan mantalite moun kap mete li an pratik.
  - a. presyon institisyon yo, règleman yo ak nan fason yo fonksyone, mete teknisyin yo byin souvan an kontradiksyon ak metodoloji ya;
  - b. Nou te remake kèk nan limit sa yo;
  - c. Teknisyin yo mande disiplin ak kontinyite nan sa yap fè;
  - d. STID pa ginyin mwayin pou li apiye kòmsadwa aplikasyon metodoloji ya;
  - e. Presyon institisyon yo pou ginyin metodoloji ya nan lòt Ilo ak nan lòt zòn nan peyi ya; alòske manke moun ki ginyin preparasyon pou sa.

DEZIEM ETAP ATELYE YA

No. 3 : Projè ki Pretann Reyalize (Group B)

Atelye sou Evalyasyon Aplikasyon Metòd Investigasyon-Aksyon (MIA)

Ekspoze ke delegasyon yo fè sou projè ke yo pretann reyalize avèk (MIA)

Ilo Devlopman Zoranje

Delegasyon : Pelage, Erick Toussaint, Shlomo Guilboa

Investigasyon sou : Konstriksyon latrín, fouye dife, rout, kaptaj sous, konstriksyon depo, afemaj yon lokal pou dispanse, seleksyon semans, aplikasyon teknik kilti, mi sèk nan Fò-Oje, foraj pi nan Fò-Oje, netwayaj kano irigasyon.

Reyalizasyon

1. Grafik ak kanva sou kesyon plantasyon : mayi, tomat, konsèvasyon, sòl, kesyon sante, latrín, fouye dife, fontèn piblik.
2. Group estratejik ki fòme : 5
3. Projè ki elabore epi reyalize gras a IA (Investigasyon-Aksyon) rezilta ke yo jwinn, groupman estratejik yo, reparasyon rout, projè agrikol (mayi, pwa, patat, bannan), kaptaj sous, foraj pi, mi sèk.

Rezime Deba Yo

N.B. Se Erick Toussaint avèk Shlomo Guilboa ki te reprezante delegasyon an.

- Kesyon Petit-Frère : Eske projè ki reyalize yo se gras a itilizasyon MIA ? Eske yo pa kapab reyalize san ekzistans group estratejik yo ?
- Q. Elusdor : Eske yo kapab reyalize tout projè sa yo pandan ti tan sa a ?
- R. E. Toussaint : Wi, yo jwinn rezilta sa yo a itilizasyon Metòd la. Pou bezwin moun yo, yo te interese anpil.
- Q. Luneau : Piske ginyin institisyon ki ape travay nan Zoran-je, eske moun yo ale nan institisyon yo ou byin eske se le kontrè ki fèt ?
- R. E. Toussaint : Wi, moun yo ale nan institisyon yo, pafwa yo minm fè yon ti fòs sou institisyon sa yo pou yo kapab jwinn èd.
- Q. Jacques Pierre : Eske moun yo an mezi pou yo fè presyon sou Plan Parenaj la, pa ekzanp : Erick Toussaint deklare ke yo te jwinn avèk Depatman Travo Piblik pou yon problèm rout ki pou rezoud ?
- Q. Jn-Baptiste : Manm group estratejik yo ki an total ginyin 180, ki jan yo fè konstwi 100 kay, 100 latrèn, 50 ki-zèn, 20 glasi etc..
- R. E. Toussaint : Avwe ke ginyin nan projè yo tankou kay yo ke Plan Parenaj la ekzekite e ke li te bay popilasyon an a tit eksperimantal.
- Q. J. B. Chavannes : Group yo minnin aktivite ki ginyin karakte sosyal. Eske ou kapab site kèk aktivite ekonomik ke group la ekzekite ?
- R. Toussaint : Dabò tout manm yo se agrikiltè, yo ginyin yon projè plantasyon bannan ke Plan Parenaj la finanse.

Chavannes avèk Alexis montre dout ke yo gin yin sou posiblite groupman estratejik yo, sètadi moun revni yo fèb si yo kapab konplete don avèk prè ke Plan Parenaj la fè. Pinto mande la paròl pou li pote plis presizyon sou fomasyon group estratejik yo, sou amoni pami yo avèk sou interè ki lye manm yo nan minn group la.

- E. Erick Toussaint : Groupman sa yo motive an fonksyon bezwin yo
- Q. W. Sévere : Eske yo swiv prodiksyon an pou yo kapab konnin si moun yo gin yin ou byin si yo pèdi ?
- R. E. Toussaint : Di wi, e li kwè ke plantè yo rinmin konsève prodiksyon sou avantaj avèk kominote. Chavannes panse ke yon rout se yon kouto de bò ki fè yon kominote pran kontak fasilman avèk eksterye (dehò). Alexis repete kèk avantaj avèk dezavantaj. Apre tout moun deklare ansanm ke an jeneral li fè plis byin ke mal.
- Q. J. Pierre : Ki jan yo kapab reyni interè group estratejik la avèk interè kominote ya ?
- A. Petit-Frere : Pou santre deba yo, li sikjere ke yo konpare lòt etap metòd la avèk projè ki reyalize yo pou wè si yo mache avèk sa metòd la mande.
1. Pafwa la près ( radyo ) devye groupman yo lè yo ape kontrole travay ki fèt nan lòt kominote yo gras a "Food for Work";
  2. Difikilte pou fòme group estratejik yo.
- Q. J. Pierre : Relasyon group sa yo avèk rès kominote ya
- B. Toussaint : Manm group estratejik yo ki abite kominote ya vize problèm yo tankou tout lòt abitan kominote ya.



- Q. Compere : Èd ke Plan Parenaj la bay, èske yo tout izole ?
- Q. J. Pierre : Konstriksyon peyzan yo nan reyalizasyon travay yo.
- R. Toussaint : Pou finans, peyzan yo di anpil.

## Diskisyon sou Ekspoze Dezam

1. Ekspoze sou Traksyon Animal (ki an ekzekisyon) (Se Elusdor ki fè li)
2. Konsèvasyon sòl (Se Tout Puissant ki fè ekspoze sa a)
3. Travay Investigasyon sou posiblite kredi pou outiyaj agrikòl

### Deba Yo

Q. Mme Auvillain : Problèm ke yo rankontre nan Aplikasyon metòd la

R. Elusdor : Ni teknisyin yo, ni peyzan pa fɩn byɩn konprann metòd la. Pa gɩnyɩn anpil teknisyin ki te gɩnyɩn chans pou yo patisipe nan ekspozisyon tou le twa moman metòd la.

Q Jacques Pierre : Metòd ke yo itilize pou konnin pi gro problèm kominote ya se preparasyon sòl.

R. Elusdor : Yo te fè yon etid pou yo te konpare tout kalite zouti ki la pou preparasyon sòl la : rou, traksyon animal, traktè e yo te retrɩ ke sèl : preparasyon sol, avantaj ekonomik, ke peyzan Dezam te kapab jwinn. Pinto intèvni pou li eksplike ekspresyon sèk de kilti.

Q. Kooperan Jacques : Metòd la sanble anpil avèk yon ideyoloji.

R. Pinto : Se pa yon ideyoloji, se pito yon teyori ke yo kapab itilize nan anpil domèn a kondisyon ke yo fè ajisteman nesesè.

Kontrɩnt : Eleman estratejik yo pa toujou wè nan minm dirèksyon.

Dezam, 19 Jin 1979  
Fresnel Alvarez

Diskisyon sou Ekspozé Ilo Bonyòt

- Projè : 1) konstriksyon lekòl (nan estad projè)  
2) Prodiksyon semans ariko
- Group ki fòme : 1) 3 group estratejik  
2) group yo rele "jinn an aksyon"
- Q. J. Pierre : Ki prosesis ke nou itilize nan aplikasyon metòd la ?
- Q. Chavannes : Ki aktivite group estratejik yo ?
- R. Alexillien : Se plantè yo ki te mete tèt yo ansanm pou yonn rann lòt sèvis
- Q. J. Pierre : Ki lè e ki jan nou fè I.A. nan Bonyòt ?
- R. Elusdor : Nou fè rechèch epi nou pote peyzan yo dekouvri problèm yo.
- Q. R. Compère : Ki kote lide projè a soti ? konsepsyon li, ki rezilta li, ki difikilte yo rankontre ?
- R. Alexillien : Ki lès ki fè istwa projè ya ?
- Difikilte : Pa ginyin lajan ase pou achte semans ariko;  
Tè pa byen prepare;  
Guilboa ki te konsidere projè ya tankou bagay ki reysi deja;
- Q. J. Pierre : Eske ou ginyin tan fè investigasyon, planifye epi ekzekite yon projè pandan ke ou ap aplike metòd la ?
- R. Alexis : Peyzan te ginyin tan fè yon investigasyon avan ke metòd la te la.

- Q. Chavannes : Ki jan ou te fè Investigasyon-Aksyon sou rat ? .
- R. Alexis : Yo fè Investigasyon sou kesyon rat yo, min pa ginyin projè deratizasyon.
- Q. Chavannes : Investigasyon sou jinn ? rezilta ? avek èd ke IA bay ?
- R. Alexillien : Metòd la pèmèt oryantasyon jinn ki tonbe nan move aksyon (aza pa ekzanp). Se sa ki eksplike fòmasyon group "jinn an aksyon".
- Q. R. Compère : Difikilte nou jwinn :
- 1) Lidè ki pa bon
  - 2) Peyzan yo pa posede tè ke yo travay yo
  - 3) Reta, manke antant nan èd ke yo bay peyzan yo. Pou fini Alexis di ke metòd la bèl, e li ginyin danje tou paske li te ouvri je abitan yo sou problèm yo epi yo pa anvizaje solisyon problèm sa yo.

Dezam, 19-23 jin 1979  
 Jn-Baptiste Chavannes ak  
 Jn-Yves Jn-Banatte

### Ekspoze Sou Plato Santral

1. Travay motivasyon teknisyin yo sou inpòtans itilizasyon MIA sou aktivite yo.
2. Projè fomasyon fòmètè ke yap prepare nan MIA (zòn pilòt Los Palis).
3. Fòmasyon group pli zou mwinn estratejik.

Ekspoze Jn-Banatte : Itilizasyon MIA pou mete sou pye yon program konstriksyon silo ki pa reysi melerezman

### Rezime Deba Yo

- Q. Petit-Frère : Dapre Chavannes, sa vle di group pli zou mwinn estratejik ?
- R. Chavannes : Mouvman fomasyon group sa yo te lanse depi nan ane 1978. Gras a konesans metòd IA a nou te kapab amelyore metòd apròch nou yo.
- Agr. Compère : Groupman estratejik yo pa reyni moun ki ginyin minm interè, eske ou panse anvizaje kèk groupman estratejik pou moun ki ginyin nivo ekonomik pi ro ke nivo majorite abitan yo nan kominote ya.
- R. Chavannes : Moun sa yo pa anpil. Ou pretann itilize yon metòd espesyal. Eske ou kapab bay kèk eleman sou metòd la pou fasilite yon konparezon avèk MIA ?
- Refus : Chavannes pretann ke li itilize sèlman premye moman MIA. Pi gran diferans nan, sè ke vinn ginyin yon solidarite trè etwat pami manm yo nan group la gras a metòd li ya : Itilizasyon jadin kominote. Li soliyè tou ke si MIA pèmèt fòme, idantifye group yo, li pa kreye nan tèt moun sa yo

yon espri dinamis, solidarite, sa ke metòd pa li ya ap chèche. Devan fason ke patisipan yo insiste pou yo kodifye Metòd Espesyal la, pou ekri li pou tout moun kapab benefisye li, li avanse e bay rezon ki solid anpil pou li pa fè sa.

Q. Jacques Pierre : Eske ou pa panse ke ekzistans Groupman sa yo lye dirèkteman avèk avantaj ke yo benefisye sou plas tankou, don tè ke leta fè, don la nouriti, prete lajan etc...

Q. Chavannes : Li eksplike ke leta fè Pè Louis Charles kado 100 CX pou Chè Sè Sainte Therèse, min nan 100 CX sa yo, kominote ya itilize 3 CX sèlman. Prinsipal siksè ya dapre Chavannes se ke group sa yo ginyin interè komin ke yap defann tankou pa sosyal groupman yo ki reyalize gras a apò tout manm yo.

#### Kontrint

- 1) Rezilta sou plas ke manm yo ap tann;
- 2) Problèm avèk lidè negatif yo;
- 3) Problèm institisyonel (lit inflyans avèk ONAAK).

Dezam, 20 jin 1979  
 Teknisyin Kwa-Fè :  
 Luneau Pierre-Jérôme

Rezime Deba Yo

R. Luneau Poze yon Kesyon : Li panse ke MIA (Metòd Investigasyon-Aksyon) ouvri lespri teknisyin Kwa-Fè yo, fè yo wè pi lwin, ki jan avan metòd la Kwa-Fè te ginyin anpil projè.

Q. Agr. Compère : Pou nou byin minnin diskisyon yo, èske ou vle separe projè yo itilize MIA yo avèk lòt ke yo pa itilize MIA yo ?

Q. E. Toussaint : Pou ki sa moun yo kite IDAI pou yo ale nan lòt òganis kredi yo ?

R. Luneau : Peyzan yo te chofe epi tout group yo te ginyin kòb sere nan kès yo.

Q. Agr Compère : Sanble se posiblite prete lajan avèk don yo ki pèmèt fòmasyon groupman yo. Sa ou panse ?

Q. Pinto : Nan ki sans metòd la rive jiska fè group yo pran konsyans, pou chanje oryantasyon projè yo ?

R. Luneau : Peyzan tèlman chofe, ginyin konsyans, ke yo fòme pròp komite pa yo ke yo rele "komite responsab" pou yo kapab ginyin plis ladrès nan aktivite yo.

Q. J. Pierre : Eske se leta ou byin kominote ki pral dirije kanal Kwa-Fè ya ?

R. Luneau : Ginyin konsèy kominotè nan de konsèy sa yo. Ginyin groupman patikilyè tou. Ki jan 2 kalite groupman sa yo travay ?

R. Luneau : Se Animatè yo gras a delege C/A ki fòmè komite yo rele  
"Komite Responsab" la ki chofè groupman yo.

Problèm ke yo jwinn nan Aplikasyon metòd la

Problèm institisyonèl : pouvwa kredi yo pafwa kreye anrwi pou teknisyin  
yo.

---

Dezam, 21 jin 1979  
Sekretè : Hugues Alexandre

Aprè ekspoze Ilo Dezam ak kritik pandan deba a, te ginyin yon demand, akt  
sa a te poze pa yon patisipan ke nou te pran nèt, li te di konsa :

Nan metòd Investigasyon an, ginyin yon pati ki rele teyorizasyon nan mo-  
man II ya ke yo te rinmin ginyin plis infòmasyon sou sa pou mete plis li-  
myè.



TWAZYEM ETAP : OTOKRITIK



Dezam, 23 jin 1980 .

TWAZIEM ETAP ATELYE YA

Rapò Otokritik Ilo Debarye sou Aplikasyon Metòd La

1. Ki jan nou te aplike metòd Investigasyon-Aksyon an, ki moman ak ki faz nou te fè.
2. Premye projè ya se "Chari ak bèt" nan Badon Machan. Nan premye moman an nou te fè tout premye faz la, nou te fè dezyèm faz la, min nou pat fè fich dekouvèt la a pati de jounal de chan.
3. Nan twazièm faz la nou pat ginyin kòd ak bon group estratejik. Nan dezièm moman an nou te fè twa premie faz yo, katrièm nan se yon pati nou te fè.
4. Projè sa a te ginyin de pati nan ekzekisyon li. Premye pati ya se te demonstrasyon sou travay "chari ak bèt" la, sa komanse fèt.
5. Dezièm pati ya se te gaye pratik bagay sa a nan zòn nan.
6. Dezièm projè ya se te fè yon depo pou mete grinn.
7. Nou te fè premye faz la, min dezièm nan nou te wè li pat nesese.
8. Pou twazièm faz la, pat ginyin sa yo rele vrè group estratejik. Pou dezièm moman tematizasyon ak teyorizasyon yo te fè ti kal la dan yo. Nou te fè twazièm moman an tou le twa fwa yo.
9. Piske projè sa a se te kominote ya ki ta prale komanse, li te deja programe nan sans pa yo, teknisyin te vln ede yo wè pi klè nan ekzekisyon li, e se sa ki fè ginyin kèk etap ke yo te fè yon sèl kou.

## Ilo Devlopman Bonyòt

### Avètisman (Otokritik)

Kritik sa a nou pote li sou projè devlope an tan ke rezilta metòd Investigasyon-Aksyon. Ekzanp : prodiksyon semans pwa.

1. Problèm santral projè prodiksyon semans amelyore pwa pa vini de yon pri de konsyans peyzan ki rezilte de aplikasyon metòd Investigasyon-Aksyon. Se sijere yo sijere peyzan yo an fonksyon de interè SENASA ki vle profite Ilo yo pou prodiksyon semans. Nou pa vle di ke se pa yon bon bagay, min li pa interese pou yo fè prodiksyon pwa pase kòm rezilta Investigasyon-Aksyon.
2. Projè prodiksyon pwa pat a lori jèn projè 3 group estratejik yo. Nou pa kapab wè ekzakteman ki aktivite ki te devlope avèk group estratejik yo.
3. Relasyon ki ginyin ant Investigasyon sou problèm yo, fòmasyon group estratejik yo ak projè yo, pat parèt klè nan aplikasyon metodoloji ya.
4. Patisipasyon plantè yo nan konsepsyon, ekzekisyon ak evalyasyon projè semans pwa piti anpil : donk se pa yon projè pa yo.
5. Yo pa kontinye aplikasyon metodoloji ya nan Ilo a. Yo fè aktivite ki sanble ak Investigasyon-Aksyon nan fòm : sèk detid, kòd, min pa ginyin yon swit ak yon pèsistans nan travay la ki ta montre ke metodoloji ya jan li ye ya vre.

## Ilo Dezam (Otokritik)

Nan group Dezam, min sa ki te sòti :

### - Projè Konsèvasyon Sòl

1. Se problèm teknisyin yan te ginyin avèk koup bwa ilegal, ki fè li te vini ginyin projè konsèvasyon sòl nan tèt li. Pou li te kapab fè projè sa a vîn yon projè kominote, li te anplwaye metòd Investigasyon-Aksyon. Aksyon sa a te pèmèt li vîn ginyin yon group estratejik de 8 manm, min li ginyin dout sou yon manm. Group sa a ginyin program pou yo plante sitron nan 5 karo tè pa yo, yo kole tè yo ansanm.
2. Lide projè ya sòti nan tèt teknisyin yan, minm jan avèk lide 5 karo tè pou kòmanse projè ya. Nou konnin sa ginyin problèm la dan li, minm kòm plantè yo wè interè yo nan plante sitron an group, sa kapab rete solid e projè ya ginyin chans pou li reyalize.

### - Projè Kredi Zouti

1. Pou projè sa a, dapre reprezantan an metòd Investigasyon te anplwaye pou li rive fòme 5 group estratejik Morie, Moje. Nou ginyin inpresyon group sa yo pako fîn solid e yo pako wè kouman projè ya ap reyalize e ni kouman yo va anplwaye yo.

### Ilo Developman Dezam

1. Teknisyin yo te konprann Aksyon Investigasyon an se yon bagay ke yo sèvi avèk li yon fwa konsa min pa tankou yon travay pèmanan ki baz konesans ak aksyon.
2. Pou yo, sèk de kilti ya se yon bagay izole, se yon teknik<sup>k</sup>, min se pa yon pati ki nesèsè nan metodoloji pou reveye konsyans moun yo e pou yo kreye kondisyon ki nesèsè pou konsyans sa a devlope.
3. Teknisyin yo bay yon sans etwat a sèk de kilti, an se sans ke se objektif teknoloji ya ke yo wè sitou. Li ta interesan pou fè group ki ginyin projè cheri ya konprann aspè ekonomi, ak òganizasyon ki ginyin nan sa a. Nou te note ke aspè inpòtan de priz de konsyans sosyal ak ròl nouvèl teknoloji sa a te absan.
4. Li sanble ke lide konsyantizasyon ke group la itilize ya plis sanble ak motivasyon, byin ke motivasyon an ak desizyon moun yo kapab sòti nan priz de konsyans ou pa kapab pran yonn pou lòt.
5. Ou ginyin inpresyon ke teknisyin yo konsidere teknik yo ak materyèl yo kòm kèk resèt mayi ki bay rezilta otomatikman depi ou aplike yo. Yo te fè sèk dinvestigasyon, yo te fè sèk de kilti yo rive jwinn yon projè. Bagay la yon ti jan trè mekanik.
6. Ginyin nan tout metodoloji kèk bagay ki esansyèl kòm teyori ak metodoloji ya ak fason aksyon anchinnin yonn ak lòt, ou kapab modifye tout rès yo, ajoute kèk bagay, transfòme e minm chanje kèk lòt depi sa pa an kontradiksyon ak metodoloji ya minm.
7. Teknisyin yo bay yon sans ke se objektif teknoloji ya ke yo wè sitou. Li ta interesan pou fè group ki ginyin projè cheri ya konprann aspè ekonomik e òganizasyon ki ginyin nan sa. Nou te note ke aspè inpòtan de priz de konsyans sosyal e ròl nouvèl teknoloji sa a te absan.

GROUP BIlo Developman Kwa-Fè

1. Nou ginyin inpresyon yon bon efò fèt nan Kwa-Fè pou sèvi ak metòd IA. Yon fason kòrèk. Atitid sa a bay kèk rezilta nan fason komite yo aji vizavi òganis ki sòti deyò.
2. Nou konstate teknisyin yo chanje fason yo te konn aproche group kominote yo apre yo te vin patisipe nan atelye yo.
3. Metòd la pèmèt kèk chanjman fèt nan projè ki te la deja e li ede group yo konprann pouvwa yo pou pote chanjman nan kominote yo.
4. Malgre sa, nou pa kapab di projè sa yo (irigasyon, kès sere prete, kontribisyon lekòl, latrin etc...) se rezilta aplikasyon metòd IA nan yon lòd kòrèk (etap apre etap).
5. Li inpòtan pou fè sonje ke group "stratejik" se pa yon ti etikèt ki dwe kole sou do nòpòt group ki òganize. Group stratejik yo jwinn pròp karaktè yo : minm nivo nan afè prodiksyon, minm interè nan minm lide yo ginyin. Sa indispensable. Group la vini stratejik nan mezi li pran konsyans objektif komèn li ginyin e li òganize li pou lite pou pròp interè li. Interè yon group stratejik dwe kole mare ak interè klas moun kap viv ladan vre.
6. Gin lè lide (konsèp) sa yo :  
  
Group stratejik, instrimantal, kominote, konsyantizasyon etc.. pa byin klè nan group kwa fè ya.

Se pa paske konsèy kominotè yo nome yon komite responsab ke komite sa a se yon group stratejik. Li kapab stratejik sèlman, si li ranpli kondisyon yo nou sòti pale sou yo pi ro a, min se pa paske yo nome.

GROUP BIlo Devlopman Zoranje (Otokritik)

San pote okinn jifman sou interè ou byin valè aktivite yo, Teknisyin Ilo a ak komite ya, lyin ki ginyin ant aktivite sa yo ak Investigasyon-Aksyon an pa trè klè. Kritik yo ke yo ekspoze yo rezime opinyon group B ya sou rezilta ke teknisyin Ilo a bay a aplikasyon metodoloji ya.

## 1. Sou 5 groupman estratejik yo

- 1.1 Ou pa kapab konnin kouman groupman sa yo te fòme;
- 1.2 Karakteristik 5 groupman sa yo pa sanble se karakteristik ki fèt pou yon groupman estratejik;
- 1.3 Groupman estratejik yo di ki ginyin yan pa sanble se rezilta aplikasyon metodoloji ya;
- 1.4 Yo pat kapab dekouvri ki rapò group estratejik yo ginyin avèk komite note ya, ni si yo ginyin rapò antre yo.

## 2. Sou aktivite yo, yo fè parèt kòm rezilta aplikasyon an :

- 2.1 Majorite aktivite yo pa plase yo nan prodiksyon an; se aktivite nan domèn sante ou byin abitasyon;
- 2.2 Yo pa fòme yon projè ou plizyè projè, min se aktivite gaye, ki pa ginyin anpil lyin pami yo : nan ka sa a, kouman yo ta kapab sòti nan aplikasyon metòd IA ?
- 2.3 Ou santi ke Plan Parenaj la te inpoze aktivite yo a teknisyin yo e teknisyin yo te sikjere yo a peyizan yo. Si sa se vre, li kontre avèk IA.



- 2.4 Ou santi ke aktivite sa yo pat kontribye nan ranfòse kontròl kominote ya sou prodiksyon li, e ankò mwins nan devlopman yon konsyans reyalite ya e pouwva li ginyin pou chanje sitiyasyon sa a pa yon òganizasyon.
- 2.5 Nan Teknisyin yo ginyin plizyè konsèp ki pa klè; group estratejik, kominote pran konsyans èske sa dwe vin klè.

Plato Santral

Nou pa kapab fè kritik metòd Chavannes nan, paske nou isit pou evalye metodoloji Investigasyon-Aksyon. Nou ta ka byin evalye metòd sa a ki yon metòd espesyal dapre Chavannes, min pou nou evalye li, fòk nou ta konnin li; malerezman nou pako konnin li.

Nou ta minm mande Chavannes pou li ba nou tout eleman metòd la apre etid, analiz; nou ta wè si eleman sa yo ta kapab itilize nan Ilo pa teknisyin nou yo.

KATRYEM ETAP : PROJEKSYON



KATRIEM ETAP ATELYE YA

Projeksyon : Oryantasyon pa J. R. Pinto (STID)

Objektif

Reflechì sou rezilta ke yo jwinn tout tan san rete jis koulye ya (projè, group estratejik, òganizasyon kominotè, etc...). Reflechì sou fasilite aksyon ke kominote yo antreprann yo epi sou nesesite pou yo kontinye ou non aplikasyon metodoloji ya. Travay ke Ilo yo dwe fè tankou refleksyon sou tout efò ki reyalize depi 18 mwa.

Kesyon

1. Ki pi gro difikilte yo jwinn lè pou yo reyalize rezilta sa yo ?
2. Ki difikilte ki kapab anile rezilta sa yo demin ?
3. Ki pi gro problèm ke yo rankontre nan aplikasyon metodoloji ya ?
4. Ki sa STID kapab fè pou ede ekip teknisyin yo konprann pi byin epi aplike metodoloji ya ?
5. Eske òganizasyon peyzan nan kòmanse ranfòse vrèman, ou byin prezans dinamik sètadi tandans pou yo kinbe pa lage, ki ginyin nan yon kominote ki an aksyon pou yo rezoud problèm yo, èske sa lwin toujou ? Patènalis ki lakay teknisyin ak kominote ya, èske sa kòmanse disparèt ? ki sa pou yo fè pou li papab disparèt pi vit ?
6. Eske kòmanse ginyin yon komite ki pale, chofe epi antre an aksyon pou pote yon chanjman reyèl nan kondisyon konkrè ekzistans kominote ya ?

## Ilo Developman Kwa-Fè

### Projeksyon

#### 1. Difikilte rankontre

- 1.1 Nivo popilasyon : mefyans, analfabetis
- 1.2 Nivo teknisyin terin : sou bò kote teknisyin lòt òganis yo : mank konesans metòd la, mank patisipasyon
- 1.3 Nivo òganis piblik : mank kolaborasyon, mank infòmasyon sou metòd la
- 1.4 Nivo STID : Reta nan patisipasyon

#### 2. - Difikilte nan ane ya;

- Mank koòdinasyon nan echlon siperyè;
- Abi otorite;

#### 3. - Problèm rankontre;

- Difikilte jwinn moun yo nan lè;
- Jwinn moun yo pou yon travay swivi e pou yon tan detèmine;
- Difikilte aplikasyon sistèm etap metodoloji ya; solisyon : redwi metòd la nan nivo moun yo;

#### 4. Aksyon STID

Oganize ti atelye nan chak Ilo ak patisipasyon tout teknisyin lòt òganis kèk lidè kòrèk;

#### 5. Konsolidasyon òganizasyon peyzan. Wi, yo kòmanse vrèman konsolide yo nan solisyon problèm yo;

#### 6. Kominote dyalogan;

Wi, kòmanse ginyin yon kominote dyalogan; prèv : Komite Responsab Ilo Kwa-Fè (KRIFF).

---

N.R. Problèm salè te sòlve.

Groupman Dezam (Projeksyon)

Q. Ki prinsipal difikilte nou jwinn nan obtansyon rezilta yo ?

R. 1) Sou finansman, Ed teknik, Iregilarite nan reynyon, peyzan yo pa vle vini regilièman nan sèk e sa ki motive yo pa vle kinbe nèt nan reynyon.

2) Ki difikilte ki ginyin nan avni kap vini ki kapab anile rezilta sa yo ?

Rezilta yo ap anile si moun yo pa wè avantaj pèsonèl yo yap defann epi si program edikatif la pa kontinye.

3) Ki prinsipal problèm nou rankontre nan aplikasyon metodoloji ya ? ki jan pou nou jwinn solisyon yo ou byin diminye efè yo ?

Problèm nou rankontre nan aplikasyon metòd la :

- a) Manke konesans sou metòd la
- b) Manke Espri Ekip

Solisyon nou propoze :

- a) Yon ti atelye pratik avèk patisipasyon peyzan e teknisyin pou nou vin konprann tout sans metòd la nan chak Ilo.
- b) Imediatman apre atelye sispann tout aktivite ki pa trò inpòtan pou nou akòde an pryorite yon tan espesyal pou aplikasyon integral metòd la.

Ki sa STID ka fè pou ede ekip teknik la pou li sa konprann mye e aplike metodoloji ya.

R. 4) STID kapab ede nou nan ankadremman teknik avèk nan finansman ti atelye nou propoze ya e aplikasyon metodoloji ya.

Q. 5) Eske òganizasyon peyzan pa kòmanse vrèman konsolide yo, ou byin si se yon bagay ki lwin prezans dinamik kominote ya ki mobilize nan solisyon problèm li ? Eske patènalis teknisyin kominote ya disparèt ? sa nou dwe fè pou rete disparisyon an ?

R. Oganizasyon peyzan yo pako solid, sa posib si sèlman edikasyon groupman yo rive fèt.

Patènalis teknisyin yo toujou la. Teknisyin ta merite fè yon otokritik sou fòm dominasyon yo ekzèse sou peyzan yo. Angaje popilasyon an nan yon procesis dedikasyon kap minn yo nan konsyantizasyon.

6) Eske yo kòmanse ginyin yon komite ki fè dialog, motive epi mobilize pou yon chanjman reyèl de kondisyon konkrè de ekzistans li ?

R. Nou pa ko rive la.



Dezam, 22 jin 1979

Rapò Group Debaryè Sou Projeksyon

Min pi gro difikilte ke nou te ginyin ki fè nou pat jwinn tout rezilta nou te espere :

- Pou nou minm teknisyin, nou manke infòmasyon, nou pat ginyin dokiman konplè sou metòd la ke nou te kap konsilte lè nou ginyin yon problèm nan aplikasyon metòd la ki tap nesèsè anpil pou nou kapab ginyin metòd la byin nan min nou.
- Pa ginyin yon lespri kominotè; mo sa a minm pèdi sans li avèk anpil bagay ki pase nan kominote sa a, mwin ta bay ekzanp manje ke yo konn bay nan kominote sa a.
- Ginyin institisyon ki domine sou konsèy kominote yo ekzanp ONAAK ak konsèy yo se sèl groupman òganize ki ginyin nan kominote ya, yo minm yo pa wè ak bon je pou fòme lòt groupman apre SAK ki ginyin yon bagay byin detèmine.
- Ginyin yon problèm ekip nan mitan teknisyin yo tou.
- Pa ginyin anpil konfyans nan mitan peyzan ak teknisyin; pou travay la pi fasil fòk ginyin konfyans sa a e pou sa fèt fòk teknisyin yo ta bay bon solisyon tou swit sou problèm yo.

Min ki sa nou wè ki ta ede nou pou rezoud problèm sa yo :

- Fòk teknisyin yo ta ginyin yon kote, yon dokiman konplè de metòd la ke yo ta kapab konsilte.
- Fòk nou ta chèche devlope lespri kominote sa a (Debaryè) ak yon bon animasyon plis e sitou ak reyalizasyon ke nap fè devan je yo.

- Fòk nou ta rive ginyin yon bon òganizasyon nan mitan teknisyin yo; pou sa nou ta dwe reyni tanzantan pou diskite sou travay ke nap minnin ansanm.
- STID ta kapab ede nou anpil si li ta kapab fè koòdinasyon antre tout institisyon kap travay nan Ilo yo, se pa sèlman nan moun sou plas min nan tout lòt sa ki anro yo, apre sa se afè dokiman yo li ta fè nou ginyin.
- Kominote ya pako dispoze pou rezoud problèm yo pou kont li paske li fèk kòmanse ap òganize li epi li ginyin yon konsepsyon ki pa trè bon de developman, epi konsèy yo nan yon kominote ya defòme.
- "Patènaliz" la, li la depi nan fòmasyon konsèy kominotè yo patisipe plis nan konsèy yo epi pou yo patisipe tou nan projè ki kapab interese tout moun.
- A propo metòd la, nou kwè ke pou nou, li vo là pinn pou yo ta konbe li min pou li kapab fouye plis, pou li kapab pi byin adapte nan milye ya.

Teknisyin : Antoine Pelage  
 Koòdonatè  
 E. Toussaint  
 Ajan Agrikòl

## Ilo Devlopman Zoranje

### Projeksyon Sou Metodoloji Investigasyon

#### a) Difikilte nan Ekzekisyon Metòd

- Absans fòmasyon plis pèsonèl la nan metodoloji Investigasyon-Aksyon.  
 Nou wè nan seyans travay yo, se yon komite pou fè sèk yo.

#### b) Difikilte nan Ekzekisyon projè

Aprè yon bon konsyantizasyon, moun yo pa jwinn bon zouti pou ekzekite travay yo. Nan pwinq kredi paske RCA indiferan. Ginyin movèz fwa nan reprezantan plan parenaj pou ede nan reyalizasyon projè kominote yo.

Si groupman yo ta kraze, rezilta yo ta kapab disparèt an pati, tap vin rete yon konsyans individyèl ki pa fèt, ta ginyin tronpri, frodri, pa tap ginyin anyin ki ta kapab asire rezilta yo.

- c) Si nou ta ginyin kèk materyèl, sa ta pèmèt nou fè lekòl agrikòl, prepare pi byin sèk dinvestigasyon avèk sèk de kilti yo.

Nou Teknisyin terin ta prepare kànva kesyon yo sou yo.

Se pou STID ta fè nou jwinn touswit materyèl sa yo.

Se pou nou ta ginyin yon kès pou frè inprevi nan Ilo, nou ta minn akseptè kontròl Distri ya sou kesyon an.

Se pou nou ta ginyin yon mwayin lajan pi valab, vi chète ki ginyin koulye ya nan la vi ya.

Se pou chak 3 mwa ta ginyin yon evalyasyon travay ki reyalize

Nou ta kapab di ke òganizasyon peyzan kòmanse ap konsolide, min li toujou bezwin yon baton pou li apiye.

Nou ta kapab di pou transfòme yon materyèl imin, pou oryante li nan jan ke li dwe rive, yon travay lon an minm tan yon long pasyans nesesè.

Nou kapab di kominote ya toujou mande dialog, ak tout moun ki kapab fè li profite pou li chanje sitiyasyon ke li ye koulye ya.

Dezam 19 jin 1979

Ronyòt (Projeksyon)

Difikilte ki ginyin nan trouve bon rezilta depann de fason metòd la aplike, nou kwè si yo byin swiv e byin obsève tout faz nan twa moman metòd la, fòk ginyin bon rezilta.

Mank apwi institisyonèl, intèvansyon espontane kèk sèvis siperyè, espri patenalis teknisyin nan oryantasyon kèk faz nan metòd la, move patisipasyon peyzan kapab anile rezilta yo.

Tròp sèvis ki pa konnin metòd la konn deranje teknisyin nan aplikasyon metòd la. STID minm souvan pa konpòte li tankou ajan de soutyin nan aplikasyon metòd la, min kòm inspektè otokrat; manke apwi peyzan nan aplikasyon metòd la.

A kote revè problèm yo nou kapab propoze kòm solisyon nou vle fè remak sa a : Teknisyin yo viv tròp an paranpòv. Si Ilo Devlopman se yon modèl e tout lòt bon bagay, teknisyin yan li minm tou ta dwe yon modèl nan tout sans. Yon travay kòm travay Ilo ki mande anpil efò intelektual e fizik yon "minimum de byinnèt" pou teknisyin revele indispannab; konsa, moun nan lokalite ya pap pase depatman an ak anplwaye ya nan betiz.

STID bezwin vîn ede Ilo yo debloke sitiyoasyon e kritik pèmèt nou dekouvri nan semèn nan. Li kapab òganize kèk ti seyans travay sou aplikasyon metòd la ak group teknik nan Ilo yo.

Nou pa kwè prezans dinamik de kominote mobilize trè lwin lakay nou, sepanndan yon bon ti travay nesese.

Le fèt ke reyinyon ak diferan group vîn pi chofe, moun yo poze anpil kesyon e an piblik e lè yo sèl avèk teknisyin, tout sa otorize nou kwè e di ke ginyin yon volonte manifès pou yon vrè chanjman.

Reltrey, Ranatte  
Jean ak Katherine Auvillain

### Projeksyon Plato Santral

- Fè metodoloji vîn pi lejè depi nan vokabilè jis rive nan fason li prezante, jan yon moman swiv yon lòt, jan yon faz vîn avan yon lòt. Fòk metodoloji ya ta tradwi an kreyòl minm tèk teknik li yo, minm si yo oblije fè yon fraz pi long pou tradui yon lide.
- Fòk nou rive aprann teknisyin yo metodoloji ya yon fason sistematik e pa nan kèk atelye ki fèt tanzantan.
- Apre sa fòk teknisyin kap sèvi ak metodoloji ya jwim yon asistans pèmanan nan min STID, fòk yo pa lage pou kont yo avan ke yo kapab manyin metodoloji ya byin. Nou konprann asistans sa a tankou yon prezans STID sou plas, chak fwa ke ginyin yon lòt faz ki ginyin pou kòmanse. Yo dwe mache pazapa ak teknisyin yo e se pi bon fason pou yo rive aprann metodoloji ya, etan yap aplike li ak yon moun ki konnin li.

Projeksyon : Emilio Vincent

Min refleksyon yon patisipan nan Atelye Travay ki fèt nan dat 19 jin 1979  
nan Dezam

Diferan sijè te debat nan Atelye Travay la ki te fèt nan Dezam. Tout sijè sa yo demontre ke metòd Investigasyon-Aksyon pa byin touche espri teknisyin yo ki plase pou aplike metòd la kote yap prezan. A kote mank anplwa konesans metòd la kay teknisyin yo, ginyin kontrint lòt institisyon, swa nan pwèn de vi materyèl ou byin lòt bagay kontribye pafwa pou ralanti mach metòd la avèk bon rezilta konkrè, pafwa pou anile sa ki ap fèt. Rezilta bagay ki fèt yo pa tou-tafè repoze sou yon baz solid ke van kapab anpòte fasilman pou yo pèdi nèt.

Pou detounin kontrint sa yo e ofri a teknisyin yo yon konesans pi laj nan metòd e pou konsolide baz travay la, li ta bon premyèman :

- a. Ke vizit kap fèt nan Ilo yo sou sipèvizyon ou kontròl fèt pito sou òganizasyon ti Atelye Travay nan chak Ilo, avèk teknisyin ak group peyzan chwazi pou rive konsolide konesans yo nan nivo profesyonèl e pratik. Sa va bay yo plis metriz nan metòd la.
- b. Ke kreyasyon yon Ilo fèt nan depatman geografik ki pako ginyin li nan bi pou propaje metòd la e kontrole aplikasyon li byin nan diferan pwèn peyi ya.
- c. Ke pa tout lòt mwayin ki pou kreye, tout lòt institisyon ak lòt òganis yo interese nan metòd de travay sa a.
- d. Ke tout teknisyin de terin nan kote pa yo fè plis efò pou ouvri yon parantèz pou yo reprann metòd la nan baz li, san yo pa neglije aplikasyon nan nivo gran projè kap fèt koulye yo.

Dezam 23 Jin 1979  
Joao Posco Pinto

Dènye Obsèvasyon sou Aplikasyon Metodoloji Investigasyon-Aksyon

Aprè nou fin pase tout jou sa yo ap fè refleksyon ak analiz, nou ta rinmin fè kèk remak ak obsèvasyon pou amelyore aplikasyon metodoloji Investigasyon Aksyon, nan Ilo Devlopman yo.

Dabò an nou fè yon diferans antre Metodoloji ak Metòd : Sa ke nou ap prezante epi fè aplike ya se yon metodoloji, kòm ou konnin deja, ki fòme ak yon ansanm teyori (teyori konesans ak teyori sosyete rural) epi tou avèk yon ansanm metodolojik (sekans moman, faz pa ak teknik ki sòti nan teyori konesans ak teyori sosyete ya). Fòk yo pa jann redwi metodoloji a yon sèp metòd, sètadi a prosedi, a teknik ki pa ginyin objektif ak instriman teyori ki ginyin premye plas nan metodoloji ya. Dokiman ki rele : "Eske Investigasyon-Aksyon" ki ap chèche fè ide Investigasyon-Aksyon an gaye, pa sifi pou aplikasyon metodoloji ya : li pa konplè paske li pa ginyin aspè teyori ke yo trete nan atelye travay Dezam ak Ronyòt I ak II. Pou yo aplike metodoloji ya trè byin, fòk yo toujou konsilte teks sa yo.

Dezièman, fòk yo pa jann blye, minm o nivo aktivite ou byin yon ti travay tou piti, ke objektif prinsipal, esansyèl e nesèsè metodoloji ya se rafèmi kontròl peyzannri ya sou prosesis prodiksyon li, sou prodwi travay li ak sou vi sosyo-kiltirèl li gras a òganizasyon an. Tout aksyon dwe oryante li bò bi esansyèl sa a. Koulye ya pou jwinn bi sa a, fòk yo travay o nivo groupman de baz yo ki dwe sanblab pa rapò a prodiksyon yo, sa ki konstitye yon baz objektif pou òganizasyon yo : Dayè se interè objektif yo ki pèmèt fòme yon group estratejik, gras a posiblite reyònman e instrimantal, epi gras a kapasite li pou analize problem yo, jwinn kòz yo, òganize yo pou aksyon an, pran de sizyon fòmèl epi aji an fonksyon objektif li.

Se a pati group òganize e instrimanto sa yo ke yo rive estratejikman mobilize kominote ya. Nou di ankò ke kominote ya se pa sèlman abitan yon sipèfisi, yon lokalite ou byin yon rejyon. Pou bati yon vrè kominote, sètadi yon ansanm ètrimin ki ginyin objektif komèn e ki òganize yo pou yon aksyon komèn



e ki ginyin pou bi atinn objektif sa yo, fòk yo ginyin yon baz objektif : baz sa a fòme avèk interè klass yo. Pa kapab ginyin yon vrè kominote nan mitan yon minm klass (konsilte atik "Fòmasyon Group ak Mobilizasyon Kominite").

Twazièman, fòk nou sonje ke metodoloji Investigasyon-Aksyon se yon afè group. Se sèlman yon group ki kapab aplike li; lè nou di group nou pa vle di yon kantite moun ki travay nan yon institisyon; mo group la mande pou ginyin yon intèaksyon pami manm yo, pou ginyin problèm komin, efò pou ginyin konprann, fòk ginyin tou analiz kòz yo, desizyon avèk yon aksyon konsète epi tou divize travay yo pou rive atinn bi ki propoze yo. Nou vle di travay ekip. Oganizasyon transmèt pa òganizasyon; konsyans group admèt pa konsyans group; yon aksyon òganize transmèt pa yon aksyon òganize.

Pou sa, metodoloji ya prevwa instriman ak teknik : si jounal de chan an se yon teknik ke chak moun anplwaye, li dwe abouti a yon travay intelektual group la ke yo rele Fich Dekouvèt. Teyorizasyon se yon faz travay ki ekzi-je yon gran interèksyon ekip la pou rive bati yon vizyon teyorik komin yon reyalyte konkrèt. Yo dwe remake ke faz metodoloji yo ki te "bride" ase souvan nan Moman I ak II, se jisteman faz ki implike ou byin oryante a yon travay group la. Tout travay ekip mande twa eleman esansyèl :

- a) Disiplin : Piske aksyon an baze sou divize tach yo, ak jan ke yo koòdone responsablite ak aksyon yo, tout ekip la dwe etabli yon disiplin pou rive akonpli tach ki deside ansanm yo. E byin pou rive koòdone tach ak aksyon sa yo, fòk ginyin :
- b) Reynyon : Pa ginyin ekip si group la pa reyni regilièman, se rankont sa yo ki fèt ak lòd, nan yon bi presi ki pèmèt interèksyon instrimantal, ki debouche sou vrè aksyon konsète yo. Se jisteman nan reynyon sa yo ke yo ekzèse disiplin et sitou,
- c) Kritik : Nou deja pale sou sa ke nou antann pa mo kritik, nou pap retounin sou sa ke nou di deja. Map sèlman ajoute ke kritik pèmèt bati yon amoni teyorik nan group la ak yon integrasyon efikas kondwît sosyal manm yo pou aksyon an. Se vrèman eleman otokontròl ki fè ninpòt group vin yon vrè ekip travay.

Katrièman, nan sekans metodolojik Investigasyon-Aksyon an, ginyin yon lojik ke yo dwe respekte. Fòk yo fè atansyon pou pa "brile etap yo" : yo kapab pran sa pou parès, mank disiplin, mank yon vrè travay ekip. Aksyon transformasyon sosyete ya pa yon bagay fasil ke yo dwe pran a la lejè. Se pa tou rezilta aplikasyon mekanik fòmil ki te deja la. Sote yonn ou byin kèk sèk detid plizounwin prepare, pase sou sèk de kilti pou debouche apre sou yon projè, sa se yon bagay ki lwin metodoloji Investigasyon-Aksyon. Sa pèmèt teknisyin yan prezante bèl rapò bay otorite institisyonèl yo, se kapab gras a teknik sa yo; li vin pi a lèz pou montre peyzan yo kèk problèm, fè yo aksepte yon projè ki pa pou yo vrèman. Min tip aksyon sa yo pa kapab etabli òganizasyon peyzàn ki konsyan de problèm yo, sa ki koze problèm sa yo e sitou yo pa kapab konstwi òganizasyon ki konsyan de pouvwa ak fòs yo.

Ryin ke yo kapab konprann difikilte aplikasyon Investigasyon-Aksyon (pa ginyin moun ki janm di li fasil) fòk yo insiste sou efò onèt ki deplwaye pou aplike metodoloji ya fidèlman, sitou nan sekans lojik etap ki fòme plizyè moman yo. Se pa teknik yo minm ki fòme sekans metodolojik la : teknik sa yo se instriman ki pèmèt aplike yonsekans lojik ki obeyi a ekzijans teyorik yo.

Isi, nou kapab fè kèk remak, ki fèt deja nan seyans plenye e ki an rapò ak projè ki ekziste deja nan Ilo yo. Ansyin projè yo pa kapab inflyanse sou I-A\*, nan sans objektif I-A a minm. Se fini patisipasyon nan priz desizyon yo, ranfòsman groupman yo, profite aktivite projè yo pou inisyè yon proses priz de konsyans manm group la, etc... Projè ki fèk parèt yo dwe sòti nan yon travay pi sistematik e integral etid, rechèch ki fèt avèk kominote ya sou problèm yo e sitou sou kòz problèm yo, si byin ke projè yo integre yonn nan lòt.

Dayè, an nou remake ke de premye moman yo (Investigasyon ak tematizasyon) E minm premye faz I-A a, se faz jeneral kote yap bati yon pèsepsyon pi integral, pi profon problematik peyzàn nan (se pa problèm espesifik yo), pou rive a projè yo, ke kominote ya priyorize e ki kapab vrèman ginyin yon valè pou ranfòse konsyans moun yo ak pouvwa yo pou chanje kèk bagay gras a

---

\* I-A = Metòd Investigasyon-Aksyon

ANEKS



aksyon konsète ak òganizasyon an. Si yon problèm ke yo remake nan Moman Investigasyon ekziste pandan tout tan ke travay la ap fèt tankou yon bagay ki izole, moman Investigasyon sa a pa kontribye pou fè kominote ya ginyin yon meyè konpreyansyon problèm li yo, donk li pa kapab ranfòse yon òganizasyon ki pi estab e pèmanan nan kominote peyzann nan nan prosesis li pou li lite pou pròp devlopman li.

Fòk nou pa bliye sitou ke travay nou se yon travay edikatif, ki ginyin de sans : pou nou minm, gras a Investigasyon san rete ak Refleksyon kritik sou aksyon nou kapab rive a yon konesans de jou an jou ki pi profon e minm syantifik de objè travay profesyonèl nou. Min Investigasyon Aksyon dwe yon prosesis edikasyon non fòmèl pou adil peyzann yo petèt ki ginyin premye chans pou yo reyni pou diskite ansanm sou problèm yo, pou yo kapab konn vi yo pi byin e pou yo òganize yon aksyon transfòmasyon reyali-te ekonomik, sosyal e kiltirèl yo. Eske nou deja panse vrèman a ròl edikatè nou, se pa nan sans tradisyonèl sa ki ginyin la verite dwe inpoze li a lòt. Min se nan sans pou kreye kondisyon pou ke tout moun yap travay avèk yo vin an mezi pou transfòme tèt yo, devlope aptitud ak talan yo epi amelyore sò yo kòm ètrinin.

Pou nou fini, mwin insiste sou nesesite yon aksyon dapwi STID (ke li prepare avèk swin, avèk materyèl travay ke yo dispoze pou patisipan yo a lavans) sou fòm ti atelye de travay ki pa fòmalize o nivo chak Ilo avèk peyzan yo, pou fè  ekip pou travay  ki disipline epi repati travay yo, fè ti renyon peyodik ki ginyin pou bi etabli Investigasyon-Aksyon an depi nan kòmansman, tankou yon prosesis pèmanan pou aksyon Ilo yo; non sèlman tankou yon bagay ke yo anplwaye tanzantan lè yo dwe anplwaye li. Nou dwe di, pran Investigasyon-Aksyon o serye tankou yon Metodoloji.



FEY KONTROL DOKIMAN YO(Lis Matyè Yo)Premye Etap Atelye Ya

1. Antesedan ak Objektif Atelye Evalyasyon sou Aplikasyon Metodoloji  
Investigasyon-Aksyon

2. Program ki propoze

3. Lis Patisipan Yo

4. Komite Otogesyon : Edikasyon  
Administrasyon

5. Group Travay : Relasyon Piblik ak  
Infòmasyon e Dokimantasyon

Etap I

Etap II

Etap III

6. Program ki ekzekite

7. Dokiman ki prodwi

Etap Preparatwa : Ekspozisyon sou Evalyasyon ak  
Kritik (J. Rosco Pinto) Dok. 1

Etap I : Rezilta Aplikasyon Metodoloji Pa Ilo  
Gid pou Analiz Rezilta yo Dok. 2

Zoranje - Rezilta Dok. 3

Ronyòt - Rezilta Dok. 4

Dezòm - Rezilta Dok. 5

Debaryè - Rezilta Dok. 5

Kwa-Fè - Rezilta Dok. 6

Plato Santral- Rezilta Dok. 7

Analiz an group Rezilta ki prezante yo

Zoranje - Group A Dok. 8

- Group B Dok. 9

Ronyòt - Group A Dok. 10

- Group B Dok. 11

Dezòm - Group A Dok. 12

- Group B Dok. 13

Debaryè - Group A Dok. 14

- Group A Dok. 15

- Group B Dok. 16

Plato Santral- Group A Dok. 17

- Group B Dok. 18

<b>Etap II</b>	<b>Analiz Aplikasyon Metodoloji Investiga- syon-Aksyon</b>	
	<b>Dokiman gid pou analiz</b>	<b>Dok. 19</b>
	Zoranje - Otokritik	Dok. 20
	Ronyòt - Otokritik	Dok. 21
	Dezam - Otokritik	Dok. 22
	Debaryè - Otokritik	Dok. 23
	Kwa-Fè - Otokritik	Dok. 24
	Plato Santral	Dok. 25
	<b>Rezime seksyon plenyè Etap I ak II</b>	<b>Dok. 26</b>
<b>Etap III</b>	<b>: Projeksyon Metodoloji Ya</b>	
	<b>Dokiman gid pou projeksyon</b>	<b>Dok. 27</b>
	Zoranje - Projeksyon	Dok. 28
	Ronyòt - Projeksyon	Dok. 29
	Dezam - Projeksyon	Dok. 30
	Debaryè - Projeksyon	Dok. 31
	Kwa-Fè - Projeksyon	Dok. 32
	Plato Santral	Dok. 33
	<b>Obsèvasyon ke Rosco Pinto fè</b>	<b>Dok. 34</b>







11070  
 550  
 392

Autor *Rafael Seyane F.S.O.  
 Crayanson*

Título *San apikasyon*

Nombre del solicitante *M. Paulette*

Fecha Devolución *2 NOV 1972*


DOCUMENTO  
 MICROFILMADO

